ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№93-94 (23.252) ● 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КIуэкIуэ Юрий Москва щыхуэзащ Урысей Федерацэм спортымкIэ и министр Мутко Виталий

КIуэкIуэ Юрий лэжьыгъэ IуэхукIэ Москва щыхуэзащ Урысей Федерацэм спортымкIэ и министр Мутко Виталий. ЗэIущIэм щыжаIащ физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным хуэфащэ гулъытэ ди республикэм зэрыщыхуащIыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI урысейпсо, дунейпсо спорт зэхьэзэхуэхэр. УФ-м СпортымкIэ и министерствэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ школхэм, курыт профессиональнэ еджапIэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ ГТО-м и программэхэр щагъэзащIэ.

Хэхауэ зэIущIэм щытепсэлъыхьащ ди республикэм футболым зыщегъэужьынымкIэ хэкIыпIэхэм, спортым и инфраструктурэм хиубыдэ ухуэныгъэщIэхэр егъэкIуэкIыным.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIыр гъэувыным и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

*2016 гъэм накъыгъэм и 13-м* *Налшык къалэ* *№134/6-5*

Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къулыкъум ягъэувын папщIэ къагъэлъэгъуа кандидатурэхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 7-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 8-нэ статьям и Iыхьэ 5-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIу гъэувын ЛутI Алий Гусусэ и къуэр.
2. Мы унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуегъэхьын.
3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи «Интернет» информацэ-телекоммуникацэ сетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI**
**ДЖЭШ Вячеслав**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь**
**ДЖАППУЕВ Мусэ**

## Терроризмэм пэщIэтыну къыхураджэ

● Жылагъуэ палатэ

**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым хэтхэр КъБР-м экстремизмэр щымыгъэIэным и IуэхукIэ и министр Къуэшрокъуэ Залым иджыблагъэ хуэзащ.**

РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэу куэдым иужьрей илъэсхэм тхьэмыщкIагъэрэ гузэвэгъуэрэ къахуэзыхь экстремизмэм зэрыпэщIэтым теухуа упщIэ я куэдт ныбжьыщIэхэм.

ЗэIущIэ щхьэпэр къызэзыгъэпэща Жылагъуэ палатэм фIыщIэ хуищIащ Къуэшрокъуэм, и псалъэхэм я пэщIэдзэу. ЩIалэгъуалэм я Iуэхур, ахэр зыIущIэ лъэпощхьэпохэмрэ гугъуехьхэмрэ республикэм и унафэщIым зэрызэхищIыкIым езыр зыпэрыт IэнатIэр зэраубзыхуар и зы щыхьэту къэпхь хъуну жиIащ абы. Апхуэдэуи, КъБР-м и министрыр и лэжьыгъэм, и пщэ къыдэхуэ къалэнхэм къызэхуэсахэр хигъэгъуэзащ. Абы зэрыжиIамкIэ, экстремизм, терроризм щIэпхъаджагъэ ялэжьу тезыр зыпшынахэр гъащIэ мамырым хэшэжынымкIэ, яIэщIэщIа щыуагъэм хуэдэм дяпэкIэ къытримыгъэзэнымкIэ ядолажьэ, террористхэр къыщаубыдым хэкIуэдахэм я унагъуэхэри я нэIэ щIэтщ. Къуэшрокъуэм къыхигъэщащ апхуэдэхэм жылагъуэм защIигъэкъуэн хуейуэ, щытыкIэ гугъум къримынэу, и щIыбагъ хуимыгъазэу, зэрыхузэфIэкIкIэ ядэIэпыкъупхъэу.

Министрым къызэхуэсахэр зэрыщигъэгъуэзамкIэ,



Сирие, Ирак къэралыгъуэхэм КъБР-м щыщ щIали 130-рэ щозауэ. Абыхэм гъэпцIагъэкIэ зыхашауэ къэзыгъэзэжыну хуей куэд яхэтщи, апхуэдэхэм зыщIагъэкъуэну зэрыхьэзырыр къыхигъэщащ къэпсалъэм.

Мэжджытым екIуалIэу муслъымэн диныр зезыхьэхэм зэрепсалъэмрэ, ар езы дин лэжьакIуэхэм къазэрыщыхъумрэ ятеухуа упщIи щагъэIуащ зэIущIэм.

- Зэман кIыхьым къриубыдэу диныр зезыхьэ щIалэгъуалэм республикэм къыщекIуэкI гъащIэм зыпагъэщхьэхукIыу щытащ, ар зи щIалэгъуэм диным кууу зэрыхамыщIыкIым, гъащIэм и пIалъэ зэрамыщIэм къыхэкIырт. Ауэ щыхъукIи, ахэр къэзыгъэсэбэпыну яужь ихьэхэмрэ «хамэIэкIэ шыпсыранэ зыпщIэну» хуейхэмрэ мащIэтэкъым. 2005 гъэ хъуху зыми и фIэщ хъунтэкъым ди нэгу щIэкIа гузэвэгъуэр къэхъуну. ИджыкIэ, хуэм-хуэмурэ диныр зыIыгъ щIалэгъуалэм республикэм и унафэщIхэм я дзыхь нэхъ ирагъэзыж хъуащ. Дыщогугъ нобэ хуэдэ зэIущIэхэр Iуэхум нэхъри сэбэп хуэхъуну, - жиIащ Къуэшрокъуэм.

Иджыблагъэ КъБКъУ-м щекIуэкIа дунейпсо динхэм зэдай конференцым теухуауэ Къуэшрокъуэ Залым къэрал Iуэхухэм къыхэIэбэну яужь ихьэхэм пэщIэтыфын хуэдэу, конфликтологием дяпэкIи зегъэужьыпхъэу къызэрилъытэр жиIащ. Къэралым и политикэр, и ухуэкIэр зэрызэхакъутэн Iэмалхэм институтхэм щолэжьри, уэрамым дэт ныбжьыщIэхэм ирагъэгъэзащIэ.

Террористхэр щаубыдкIэ зыкъэзытыну хуейхэм зэрепсалъэмрэ, абыхэм ират Iэмалымрэ ятеухуауэ къыщыпсалъэм министрым жиIащ Iэмал щыIэу зыми и псэ зэрамыгъэныр, унэм зыщIэзыубыдауэ IэщэкIэ фIэкIа «жэуап къэзымытыжхэм» я зэранкIэ цIыху хей хамыгъэкIуэдэн папщIэ ткIийуэ Iуэхур зэфIахын хуей зэрыхъур. Ауэ щыхъукIи, дэтхэнэми и Iыхьлыхэр кърагъэблагъэурэ зыкъитыну зэрырагъэлъэIури къыхигъэщащ.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм курыт еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэм я хьэл-щэным, щытыкIэм, егъэджакIуэхэр нэхъ набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыну къыхураджэну къыхалъхьащ. И IэнатIэр, сабийхэр фIыуэ зылъагъу егъэджакIуэр а Iуэхум гуузлыуз иIэу зэрыпэрыхьапхъэр, махуэ къэс къыдэкIуэтей щIэблэм ядэлажьэхэм гулъытэ нэхъыбэ хуэщIын хуейуэ къызэралъытэр жаIащ къызэхуэсахэм.

И псалъэм и кIэухым министрым апхуэдэ зэIущIэхэр нэхъыбэу ирагъэкIуэкIыну зэрыщыгугъыр, езыми сыт щыгъуи и гуапэу къазэрыхуеблэгъэнур къыхигъэщащ.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**

● Джиу-джитсу



Жантегуэл Заур фащэ хужь щыгъщ.

## Дунейпсо чемпион Жантегуэл Заур

**Джиу-джитсумкIэ профессионалхэм я дунейпсо чемпионат иджыблагъэ Абу Даби къалэм щекIуэкIащ. Абы текIуэныгъэ къыщихьащ Тэрч къалэ щыщ Жантегуэл Заур. Зэхьэзэхуэм хэтащ дуней псом къикIа спортсмен лъэщу миным щIигъу.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту чемпионатым щыбэна, зи хьэлъагъыр килограмм 77-м нэблагъэ адыгэ щIалэм и япэ зэIущIэр дригъэкIуэкIащ Бразилием и лIыкIуэм. Заур щIэдзапIэм тригъэгушхуэри, къыкIэлъыкIуэу бжыгъэшхуэкIэ хигъэщIащ Швециемрэ Мексикэмрэ я лIыкIуэхэр. Финал ныкъуэ зэIущIэм Жантегуэлым къыщыпэщIэхуа Костэ Рикэ щыщ спортсменым зы Iэмали иритакъым.

Финал зэIущIэм Жантегуэлыр щыIущIащ урысей командэ къыхэхам къыдыхэт Шайдаев Ренат (Дагъыстэн). Абыи Заур текIуащ икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ.

Жантегуэл Заур иджырей дунейпсо чемпионатым кIуэнымкIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуащ Хьэрэдурэ Заурбийрэ Къуэдзокъуэ Юрийрэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

● Гу зылъытапхъэ

## Бюджетыр зэрагъэзэщIам щытепсэлъыхьынущ

2016 гъэм накъыгъэм и 24-м сыхьэт 11.00-м КъБР-м и Парламентым и Унэм къыщызэIуахынущ 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам, 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам ятеухуа зэIущIэшхуэ.

Законопроектхэм хуащI дагъуэхэмрэ абыхэм яхэлъхьэн хуейуэ къалъытэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ, апхуэдэу зэIущIэм хэтын папщIэ заявкэхэр организацэхэм, къэрал, муниципальнэ органхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым хуагъэхьын хуейщ мы хэщIапIэмкIэ: 360000, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ №55.

Телефоныр: (8662) 42-64-60.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● ДАХ-м и тхьэмадэм и псалъэ

## Дызэкъуэтмэ, куэд тхузэфIэкIынущ



Дунейпсо Адыгэ Хасэр 1991 гъэм накъыгъэм и 20-м къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы хохьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, тенджыз ФIыцIэм Iус шапсыгъхэм, мэздэгу адыгэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм я «Адыгэ Хасэ» зэгухьэныгъэхэр, апхуэдэу Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, Европэм, США-м щыпсэу адыгэхэм я зэгухьэныгъэхэр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм зыхуигъэувыж къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ, хабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымрэ абыхэм зегъэужьынымрэ, лъэпкъхэм яку дэлъ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэныр, нэгъуэщI къэралхэм щыIэ хэхэс адыгэхэр ди къэралым и пщIэмрэ щIыхьымрэ Iэтыным къыхэшэныр, абыхэм я щэнхабзэ, щIэныгъэ, экономикэ зэфIэкIхэр Урысей Федерацэм сэбэп хуэхъун хуэдэу ди къэралми абы и щIыбкIи къыщыгъэсэбэпыныр, зи адэжь хэкум къэзыгъэзэжыну мурад зыщIахэр къэIэпхъуэжынымкIэ зыхуеину Iэмалхэр къахузэгъэпэщыныр.

ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ блэкIа илъэс 25-м къриубыдэу Дунейпсо Адыгэ Хасэр хуэIэкIуэлъакIуэ хъуащ лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, къэрал IэнатIэхэм, егъэджэныгъэмкIэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэным. Япэ илъэсхэм абы и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу щытар ди хэкуэгъухэм запыщIэнырт, ауэ иджы дэ зэкIэлъыкIуэу сыт хуэдэ IуэхумкIи дадолажьэ адыгэхэм я зэгухьэныгъэу Урысейми нэгъуэщI къэралхэми щыIэхэм. Псом хуэмыдэу гулъытэ хэха худощI хэхэсхэм я щIалэгъуалэм, къапщтэмэ, ахэр республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм къэшэным.

Зэманым сыт щыгъуи щIэ гуэрхэр къыпхуздихьу апхуэдэщ. Ар уигу хэзыгъэхъуэн Iуэхуу щытынкIэ хъунущ е къиин зыпылъ къалэни къыпхукъуэкIынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Апхуэдэу блэкIа гъунэгъум дрипIейтейуэ зиужь дитар, дауи, Сирием къыщыхъея зауэм кърихужьа ди лъэпкъэгъухэр зыхуей хуэгъэзэныр. Абы и лъэныкъуэкIэ УФ-м адыгэ щыпсэу и республикищми, нэгъуэщI къэралхэм щыIэ хасэ къудамэхэми яхузэфIэкI къагъэнакъым гузэвэгъуэ хэхуа адыгэхэм псэупIэкIэ, шхынкIэ, щыгъынкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ. Къыхэгъэщыпхъэщ КъБР-м къэкIуэжа унагъуэ 83-м унэ лъапсэхэр къызэрыхуэтщэхуари.

Апхуэдэу ди зэманрэ къарурэ зэтхьэлIахэм ящыщщ Сочэ екIуэкIа XXII Олимп джэгухэр. Абыхэм зыхуэгъэхьэзырыныр, екIуу хэтыныр, нэхъ гугъурати, Олимпиадэмрэ адыгэ Iуэхумрэ ятеухуауэ псалъэмакъ къэзыIэтахэм яхуэфащэ жэуап етыжыныр, щытыкIэм и пэжыпIэр цIыхубэм ягурыгъэIуэныр япэ идгъэщахэм ящыщщ.

Дэ зыщыдгъэгъупщэркъым ди лъэпкъым и процент 90-р хамэ щIыпIэхэм ипхъауэ зэрыщытыр, пыщIэныгъэхэр яхудиIэщ адыгэ щыпсэу къэрал псоми, хасэ къудамэхэр щолажьэ ди къуэш нэхъыбэ щыхэхэс щIыпIэхэм. Абыхэм къызэрагъэпэщ Iуэхухэми жыджэру дыхэтщ, адыгэ хабзэр, щэнхабзэр зэрахъумэм дыщогуфIыкI, дрогушхуэ ди лъэпкъыцIэр фIыкIэ зыгъэIу цIыху цIэрыIуэхэм. Ди гуапэу дахуозэ, зыдогъэцIыху, адыгэм и жьэгур хамэ щIыпIэхэм щызыгъаблэ, лъэпкъ Iуэхум хуэмыщхьэх ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ, абыхэм я хъыбар хэкужьым щыдоIуатэ. Апхуэдэу ДАХ-мрэ КъАХ-мрэ я лIыкIуэхэр зыбжанэрэ Тыркум, Израилым, Германием, Иорданием, Шапсыгъым, мэздэгу адыгэхэм я деж щыIащ, нэгъуэщI къэралхэм щыщу къэкIуа ди къуэшхэми яхуэзащ.

Илъэс 25-м къриубыдэу лъэпкъым къыхуэщхьэпэн Iуэхугъуэ куэд зэфIигъэкIащ ДАХ-м. Нэхъ иужьу къэхъуа IуэхугъуэфIхэм ящыщу къыхэзгъэщыну сыхуейщ ДАХ-м къыхилъхьэу КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Iэ зыщIидза унафэр - Адыгэхэм я махуэ къызэрыунэхуам теухуар. 2014 гъэм фокIадэм и 20-м япэу дгъэлъэпIащ лъэпкъым и махуэр. Си гугъэщ Iуэху дахэ куэд щызэхэухуэна махуэшхуэу фокIадэм и 20-р гъэ къэс дгъэлъэпIэну, адрей республикэхэми унафэ къыщащтэу къыткъуэувэну, адыгэ щыпсэу дэнэ къэрали а махуэр щаIэтыну!

Дэтхэнэ зы адыгэри, щыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэрыщыгугъыр зыщ: дуней псом щикъухьа адыгэхэр зэгъэуIунырщ, ди бзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэнырщ, зегъэужьынырщ, ди лъэпкъэгъухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнырщ, хэкум къэкIуэжынымкIэ сэбэп хъунырщ. Дызэкъуэтмэ, дызэгурыIуэмэ, абы щыщ куэдыр зэрытхузэфIэкIынум шэч къытесхьэркъым.

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

*Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу дгъэхьэзыра 2 - 3-нэ напэкIуэцIхэм ит тхыгъэхэмкIэ блэкIа пIалъэм къриубыдэу Хасэшхуэм зэфIигъэкIа Iуэхухэм зыщывгъэгъуазэ хъунущ. Абы папщIэ фи пащхьэ идолъхьэ ДАХ-м и Конгрессхэм нэхъыщхьэу къыщапсэлъахэр. ЗэхуэсышхуэхэрзэрекIуэкIам теухуа тхыгъэхэм къыхэтхыжащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щытахэм къызэщIакъуэж пIалъэм къриубыдэу ялэжьахэмрэ я мурадхэмрэ траухуа Iыхьэхэр.*

*Фигу къэдгъэкIыжынщи, ДАХ-р 1991 гъэм накъыгъэм и 20-м къызэрагъэпэщауэ щытащ. А махуэм къащтащ ар зэрылэжьэну Хабзэри. Нобэ Хасэр лъэпкъ Iуэху зыгъэкIуатэ зэгухьэныгъэ инщ. Ар быдэу ядолажьэ ди къэралми, адыгэ зэрыс нэгъуэщI щIыпIэхэми я къулыкъущIапIэхэм, цIыхубэм, зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм. Сытым дежи япэ иригъэщыр адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къарухэр зэригъэуIуу лъэпкъым и псэкупсэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм зегъэужьынырщ, хабзэр, бзэр, щэнхабзэр хъумэнырщ, тхыдэр зэфIэгъэувэжынырщ. Абы ехьэлIауэ ДАХ-м тхылъхэр къыдегъэкI, щIэх-щIэхыурэ къызэрегъэпэщ фестивалхэр, пшыхьхэр, конференцхэр, зэIущIэхэр.*

## Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 19,** *махуэку*

♦**Тэтэрстан Республикэм и Печатым и махуэщ**

♦**Тыркум щагъэлъапIэ щIалэгъуалэмрэ спортымрэ я махуэр**

♦**1712 гъэм** Пётр Езанэм и унафэкIэ Урысейм и къалащхьэр Москва ирахри, Санкт-Петербург яхьащ.

♦**1802 гъэм** Франджым и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - ПщIэ зиIэ легионым и орденыр – къащтащ.

♦**1922 гъэм** СССР-м пионер зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэщащ.

♦**1943 гъэм** СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и къэрал комитетым Бахъсэн ГЭС-р зэфIэгъэувэжыным теухуа унафэ къищтащ.

♦**1985 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Сабий творчествэм и унэ.

♦**1991 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей лъэпкъым и япэ Конгрессыр. Абы и япэ президенту хахащ **Къалмыкъ Юрий Хьэмзэт** и къуэр.

♦Тырку Республикэм и япэ президенту щыта **Ататюрк Кемал** къызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ актёр, кинорежиссёр цIэрыIуэ **Плачидэ Микеле** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦КъБКъУ-р къэзыуха, Хьэрып къэралхэм я лигэм и секретарь нэхъыщхьэм и къуэдзэу, Иорданием щэнхабзэмкIэ и министру щыта **Нэгуэр Нанси** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэрал къулыкъущIэ, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Центральнэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ **Беглов Александр** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦«Спартак-Налшык» топджэгу гупым и тренер нэхъыщхьэ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Биджий Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

♦Уругвайм щыщ актрисэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Орейрэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 – 17, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 20,** *мэрем*

♦**Метрологием и дунейпсо махуэщ**

♦**Индыл (Волгэ) псым и махуэщ.** Индыл Урысейм и мызакъуэу Европэми щынэхъ псышхуэхэм ящыщщ - абы и кIыхьагъыр километр 3530-рэ мэхъу.

♦**1570 гъэм** Антверпен (Бельгие) дунейм щыяпэу щытрадзащ географие атлас.

♦**1873 гъэм** США-м щыщ Страус Леви къигупсысащ джинсым къыхэщIыкIа гъуэншэдж лIэужьыгъуэр. А щыгъыныгъуэр ящыщщ иджыпсту дунейм бжьыпэр щызыIыгъхэм.

♦**1875 гъэм** Париж къыщащтащ метр, литр, килограмм пщалъэхэр.

♦**1939 гъэм** «КъБР-м и цIыхубэ артист», «КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэхэр ягъэуващ.

♦**1942 гъэм** Хэку зауэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр ягъэуващ.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гугу Рашад** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЖьэкIэмыхъу Мусэбий** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэх Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей эстрадэм и артист цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Карцев Роман** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и санитар дохутыр нэхъыщхьэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Ачырэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Тэтрокъуэ Астемыр** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦«Черкес хэку» газетым жэуап зыхь и секретарь, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Абидокъуэ Лусанэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 – 17, жэщым градус 11 - 14 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Акъыл зиIэр акъылыншэми йочэнджэщ.**

● Налшык къалэ

## Килограммихрэ ныкъуэрэ и хьэлъагъыу

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и перинатальнэ центрым дунейм къыщытехьащ сантиметр 59-рэ хъу, килограмми 6,5-рэ зи хьэлъагъ сабий. ЩIалэ цIыкIур узыншэщ, нэжэгужэщ.

Ар Мэкъуауэхэ я унагъуэм я сабий еплIанэщ. Сабий нэхъыжьхэри пIащэ защIэу дунейм къытехьащ. Мэкъуауэ Залинэ зэрыжиIэмкIэ, иджырей щIалэ цIыкIум япэ ита сабийми килограмми 4,4-рэ и хьэлъагъыу щытащ.

*КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Май щIыналъэ

## Зыхуей хуагъазэ

**Май щIыналъэм гулъытэ хэха щыхуащI медицинэ IуэхущIапIэхэм.**

ИУЖЬРЕЙ илъэситIым сыткIи зыхуей хуагъэзащ балигъхэм я поликлиникэмрэ, район сымаджэщым и шхапIэмрэ. ШхапIэм щIэт Iэмэпсымэхэр щIэкIэ зэрахъуэкIащ.

ЦIыхухэм махуэкIэ щеIэзэ сымаджэщым физиотерапиемкIэ и къудамэмрэ рентген зыщIэт пэшымрэ зыхуей хуагъэзащ.

Котляревскэ жылагъуэм щызэрагъэпэщыжащ амбулаторэр, Октябрьскэ къуажэ цIыкIум дэтми щIэрыщIэу электрокъару ирашэлIэжащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Накъыгъэм и 20-м Дунейпсо Адыгэ Хасэр

## I Конгресс. Налшык, 1991 гъэ

**1991 гъэм накъыгъэ мазэм и 19 - 20 махуэхэр адыгэ лъэпкъым и тхыдэм нэщыпхъуэр тезыха, лъэхъэнэщIэм и Iуэхухэр убла щыхъуа махуэу куэдым къызэралъытам шэч хэлъкъым. А махуэхэм Налшык щылэжьащ Япэ Дунейпсо Адыгэ Конгрессыр. Илъэси 127-рэ дэкIын хуеящ мыпхуэдэу дызэхыхьэфын, «адыгэ Iуэху» зэрыщыIэр дгъэIун папщIэ.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIузыхар «Хэку» обществэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэ **Ефэнды Джылахъстэнщ**.

- Нэгъабэ Голландием щызэхуэса адыгэ лIыкIуэхэм унафэ ящIауэ щытащ, илъэс дэкIмэ, накъыгъэм и 21-м, Щыгъуэ махуэм ирихьэлIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм, игъащIэм щымыIауэ, тхыдэм имыщIэу Дунейпсо адыгэ зэхуэс щащIыну, - жиIащ Ефэндым. - Абы щыхахащ Конгрессыр зыгъэхьэзырыну гупымрэ абы и тхьэмадэмрэ. Тхьэмадэу хахат Голландием щыпсэу, мы Iуэхур зигу къэкIа, къезыхьэжьа **Хьэткъуэ Фэтхьи**.

Фэтхьи псалъэ щратым, и жэрдэмыр къыдэзыIыгъахэм фIыщIэ яхуищIащ, къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ зэIущIэр махуэ яхуэхъуну. ИтIанэ псэлъапIэр хуит хуищIащ **КIуэкIуэ Валерий**, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIым.

- Ди лъэпкъэгъу лъапIэхэу Япэ Дунейпсо адыгэ зэхуэсым кърихьэлIахэ, щIыхь зыхуэтщI хьэщIэхэ! Ди республикэм и Парламентымрэ Министрхэм я Советымрэ къабгъэдэкIыу адыгэ фIэхъус фызох! - жиIащ КIуэкIуэ Валерий. - ИгъащIэм апхуэдэ къэмыхъуауэ, щIыналъэ куэдым щыпсэу адыгэхэр дызэрыщIэнщ, дызэгурыIуэнщ, жаIэри лIыкIуэу фыкъагъэкIуащи, ди зэхуэсыр адыгэ лъэпкъми дунейм лъэпкъыу тетми махуэ яхуэхъуну сохъуахъуэ!

Дэ икъукIэ ди гуапэщ япэ зэхуэсыр ди щIыналъэм къызэрыхуагъэфэщар. Къызэхуэсахэр быдэу фыкъыдогъэгугъэ фи лэжьыгъэр купщIафIэ хъун щхьэкIэ тхузэфIэкI къэдмыгъэнэну.

Зэхуэсыр зэрылэжьэну махуитIым мы дунейм къыщыунэхун хуейщ адыгэ псори зэкъуэзыгъэувэн Хасэ, и тхьэмадэрэ Хасащхьэрэ иIэжу, лIыкIуэхэм къабыл ящIа Хасэ, хабзэм ирилажьэу. Лъэпкъым дежкIэ ар Iуэхугъуэшхуэ дыдэщ икIи абы фIы къытхудэкIуэну дыщогугъ.

Адыгэм ди хабзэмрэ ди лIыгъэмрэ щапхъэ трахыу щыта щхьэкIэ, гъащIэр къытщысхьакъым - дунеижьым тегуэшауэ дыкъэнащ. Ауэ «мы дэ къытщыщIар» жытIэу ди щхьэ дгъеижкIэ, ди Iуэху зыкIи ефIэкIуэнукъым: Хэкужьым исхэмрэ хамэщIым щыпсэу адыгэхэмрэ къуэшыгъэкIэ, экономикэкIэ, щэнхабзэкIэ дызэрыубыдыжмэ, дызэрыс къэралхэри фIыкIэ зэрыщIэнущ, я зэпыщIэныгъэр быдэ хъунущ. Къэралхэр зэрыубыдыху, дунейри нэхъ хуитынущ, дэри ди Iуэхухэр нэхъ дэкIынущ. Аращи, фыкъыхузоджэ: экономикэкIи политикэкIи мы дуней дахэм фIыр щытекIуэн щхьэкIэ къарууэ диIэр зэдвгъэгъэзэIу. Абы лъэпкъыр къигъэщIэрэщIэжынщ.

Япэ Дунейпсо Адыгэ Конгрессым хэтащ «Хэку» обществэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ щыIэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шапсыгъым, Абхъазым я Адыгэ Хасэхэм, Израилым, Иорданием, Сирием, США-м щыIэ ФIыщIэ Хасэхэм, Германиемрэ Голландиемрэ щыIэ Адыгэ Щэнхабзэ Хасэхэм я лIыкIуэхэр, Тыркумрэ Югославиемрэ щыIэ ди лъэпкъэгъухэм къахэкIахэр.

Дунейпсо Адыгэ Конгрессым къигъэщIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэ. Абы и къалэныр хелъагъуэ лъэпкъым и бзэр, щэнхабзэр, диныр, тхыдэр хъумэным, зегъэужьыным.

Конгрессым хэтахэм зэдэарэзыуэ къащтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хабзэр, хихащ абы и унафэщIхэр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр къэунэхуащ накъыгъэм и 20-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 35-м.

ДАХ-м и тхьэмадэу хахащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат, абы и Комитетым и унафэщI, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Къалмыкъ Юрэ**.

ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэхэу хахащ Голландием щыщ **Хьэткъуэ Фэтхьи**, Къэбэрдейм щыщ **МыкIытIей Абдулыхь**, Иорданием щыщ **Къардэн Сэмир**, Тыркум щыщ **МэшхуэфI Нэждэт** сымэ.



## III Конгресс. Черкесск, 1996 гъэ

**1996 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къэрал драмэ театрым щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ещанэ зэхуэсыр. Ар къызэIуихащ ДАХ-м и тхьэмадэ Щхьэлахъуэ Абу.**



ЗЭХУЭСЫМ кърихьэлIат Иордание къэралыгъуэм и пащтыхьыкъуэ **Алий бен ал-Хъусейн**, КъШР-м и Iэтащхьэ **Хубиев Владимир**, КъШР-м и Парламентым и УнафэщI **Иванов Игорь**, КъШР-м и Правительствэм и УнафэщI **Уэз Анатолэ**, КъБР-м и Президент **КIуэкIуэ Валерий**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Нэхущ Заурбий**, Адыгэ Республикэм и Правительствэм и Тхьэмадэм и япэ къуэдзэ **Хьэжбиикъуэ Руслан**, Краснодар крайм и Къэрал Думэм и УнафэщI **Бекетов Владимир**, ЩIэныгъэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президент **Нэхущ Iэдэм**, Абхъаз Республикэм и Парламентым и УнафэщI **Джонджолие Сократ**, а республикэм и вице-президент **Аршбэ Валерэ**, нэгъуэщIхэри.

Зэхуэсахэр едэIуащ илъэсищ блэкIам ДАХ-м хузэфIэкIам теухуауэ абы и президент **Щхьэлахъуэ Абу** жиIам.

- Илъэситху мэхъу Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщрэ. А зэманым абы лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэр зэфIихащ, адыгэхэм я Iуэху зэрихуэу.

Нэхъапэ жысIэну сыхуейщ Дунейпсо Хасэм и япэрей унафэщIу щыта Къалмыкъ Юрэ адыгэхэм пщIэшхуэ зэрыхуэтщIыр икIи абы фIэтщащ Хасэм «ЩIыхь зиIэ и унафэщI» цIэр.

- Нобэ къэтпщытэж илъэсищым къриубыдэу Хасащхьэмрэ Iуэхузехьэ гупымрэ я зэхуэс 14 едгъэкIуэкIащ. Жылагъуэ организацэм и закъуэкIэ адыгэ лъэпкъым и Iуэхур зэрумыгъэкIуэтэфынур къэтлъытэри, тлъэкI къэдмыгъэнэу дыпылъащ адыгэхэр зэрыс республикищми я лIыщхьэхэр, правительствэхэр зэрызэдэдгъэIэпыкъунум. Къалэн нэхъыщхьэу къытпэщытар адыгэ лъэпкъыр и Хэкум ирахуа лъэпкъыу къедгъэлъытэнрати, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар тхузэфIэкIакъым. Ауэ фIыщ абы хуэунэтIауэ япэрей лъэбакъуэр зэрытчар. Къэрал унафэкIэ накъыгъэм и 21-р адыгэ лъэпкъым кIэлъызэрахьа залымыгъэм и Щыгъуэ махуэу республикищми щедгъэгъэуващ. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ уеблэмэ щымылажьэ махуэ щыхъуащ.

1994 гъэм мэлыжьыхь мазэм аргуэру Урысейм и Президент Ельцин Борис тхылъ Iэрыдгъэхьащ адыгэхэм я щхьэм кърикIуар лIэщIыгъуэ залымыгъэшхуэу къилъытэну делъэIуу. Апхуэдэ тхылъ аргуэру Ельцин Iэрыдгъэхьащ Адыгейм и Президент Джарым Аслъэн, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент КIуэкIуэ Валерий, Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэ Хубиев Владимир, Краснодар крайм и администрацэм и Iэтащхьэ Егоров Николай сымэ я Iэ щIэлъу. Мызэ-мытIэу абыкIэ зыхуэдгъэзащ Къэрал Думэми.

А псоми я фIыщIэкIэ, 1994 гъэм накъыгъэм и 18-м Урысейм и Президент Ельцин Борис Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 130-рэ щрикъум япэ дыдэ Кавказ зауэм хуэфащэ уасэ иритащ, жиIащ ар Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм лIыхъужьыгъэ хэлъу ирагъэкIуэкIа зауэу. Ар занщIэу жимыIами, адыгэхэм кIэлъызэрахьа залымыгъэ ин дыдэр къилъытауэ аращ.

1994 гъэм накъыгъэм и 21-м, Щыгъуэ махуэм, а Iуэхугъуэм щытепсэлъыхьащ УФ-м и Парламентым и зэIущIэми. Думэм хэт ЦIыкIу Казбек и жыIэкIэ депутатхэр зы дакъикъэкIэ хуэщыгъуащ Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм, Къэрал Думэм и УнафэщIу щыта Рыбкин Иван я пашэу, депутатхэр еувэлIауэ щытащ Президентым Кавказым ис лъэпкъхэм Зэрызахуигъэзам.

УФ-м и унафэщIхэр адыгэ Iуэхум къызэрыпыкъуэкIам арэзы дыкъимыщIу, адыгэхэм залымыгъэшхуэ зэрагъэвар къалъытэну захуэдгъэзащ ООН-м, ОННН-м. Апхуэдэ къабзэу Дунейпсо Хасэмрэ Адыгэ Республикэм и унафэщIхэмрэ адыгэхэм залымыгъэу къыкIэлъызэрахьар къыщытIэтащ 1995 гъэм Мейкъуапэ къалэм ЮНЕСКО-м щригъэкIуэкIа зэIущIэми.

1996 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м Адыгэ Республикэм и Президентымрэ Парламентымрэ унафэ къащтащ, адыгэхэм залымыгъэшхуэ къыкIэлъызэрахьауэ зэрыщытам теухуауэ, апхуэдэ къабзэу УФ-м и Президентым зыхуагъэзащ адыгэхэм къэращIар лъэпкъгъэкIуэду (геноциду) къилъытэну елъэIуу.

Ауэ, дауэ дымыщIами, тхылъ къытхуегъэщтакъым, адыгэхэм залымыгъэшхуэ зэрыкIэлъызэрахьар къигъэлъагъуэу. Арами, дяпэкIи Хасэр къикIуэт хъунукъым, атIэ нэхъри а Iуэхум пылъын икIи и кIэм нигъэсын хуейщ. АбыкIэ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм унафэ къыщащтакIэ, Урысейми къищтэну дыщогугъ, аращ Президентми, Парламентми, Правительствэми аргуэру защIыхуэдгъэзар.

Адыгэхэм кърагъэхьылIа мыхъумыщIагъэшхуэр гъэщыпкъэжыныр ауэ сытми мурад «гъущэ» къудейкъым, атIэ абы къыкIэлъыкIуэн хуейщ лъэпкъым и щIыхьыр, и хуитыныгъэр, пщIэуэ иIар зэфIэгъэувэжыныр. Зи гугъу сщIыр зи Хэкум ирахуа адыгэхэм я адэжь лъапсэм къагъэзэжынращ. Ар нобэкIэ къэрал Iуэхуу щыткъыми, зэфIэпхыныр икъукIэ гугъу дыдэщ. Къэралым и бжэр Iуихыу цIыхухэр къэкIуэжыну нэхъ хуит зэрыхъурэ Адыгейм щыпсэуну къэкIуар цIыху 860-рэщ, абы щыщу Урысейм и паспорт къыдэзыхар 142-рэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыху 3814-рэ къихьэжати, зи Хэкур зэзыгъэгъуэтыжыфар 92-рщ. Къэрэшей-Шэрджэсым къэзыгъэзэжар унагъуи 4 - 5 къудейщ.

Куэдым къафIэщIащ къэралыр демократ гъуэгум щытеувэм адыгэхэр я Хэкум къибэнэжыну, экономикэ щытыкIэмрэ псэукIэмрэ нэхъри хьэлъэ ящIыну. АрщхьэкIэ ар къэхъуакъым, уеблэмэ нэхъапэм нэхърэ нэхъ гугъуехь инхэм пэщIэхуэ хъуащ къэзыгъэзэжыну хуейхэр. Мис абы къыхэкIыу ди республикэхэм, Урысейм къэзыгъэзэжыну хуейхэм зэрадэIэпыкъуфынум хуэгъэза хабзэ ди къэралым къыщамыщтэу хъунукъым. Аращ икъукIэ тегъэчыныхьауэ зыпылъыпхъэр иджы щIэуэ хэтхыну Хасэ унафэщIхэр. Абы теухуа япэ лъэбакъуэр щыча хъуащ Адыгэ Республикэм, «Адыгэ Республикэм и къэрал хуитыныгъэм теухуа Декларацэ» жыхуиIэр 1991 гъэм къащтащ, ар республикэм и Конституцэм и епщIанэ статьям щIигъэбыдыхьыжащ. Ар Iуэхугъуэшхуэу къыдолъытэ, сыту жыпIэмэ, къэзыгъэзэж адыгэхэм хуитыныгъэ щагъуэтащ Адыгэ Республикэм. Конституцэр тегъэщIапIэ ящIурэ, Адыгэ Республикэм и Министрхэм я Советымрэ Парламентымрэ ягъэхьэзыращ къэкIуэжхэм ятеухуа хабзэ, абыи зэ ириплъагъэххэщ. Президент Джарым Аслъэн Хасэм хъыбар къызэрыригъэщIамкIэ, куэд мыщIэу республикэм иIэнущ апхуэдэ хабзэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Адыгэ Хасэми зэхилъхьащ къэзыгъэзэжхэм ядэIэпыкъуа зэрыхъуну программэ икIи абы ипкъ иту Дунейпсо Хасэм КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ захуигъэзащ а программэм хабзэ лъапсэ хуащIыну.

ИкIэщIыпIэкIэ дадэIэпыкъуну къэлъэIуауэ щытащ Югославием, Косовэ щыщ унагъуэ 30. Ар адыгэ, Урысей Iуэху тщIыри, дгъэкIуащ къэралыгъуитIми я лIыкIуэхэр, епсэлъащ адыгэхэм, арщхьэкIэ нобэр къыздэсым а унагъуэхэм я лъэIур мыгъэзэщIауэ къонэ.

Хасэм и Iуэхузехьэ гупым хуэфащэ къару ирихьэлIащ ДАХ-м и «Нарт» газетыр адыгэхэм яхуэгъэлэжьэным. Абы гугъуехь ин дыдэхэр пылъми, мазэм тIэу къыдыдогъэкI. Тхьэм игъэпсэу къыддэIэпыкъу щIалэхэр.

Дауэ дымыщIами, тхузэтемыублауэ къэнащ Хасэм хэтхэм взносхэр ятыныр. Апхуэдэ къабзэу етIуанэ зэхуэсым къищта нэгъуэщI унафэхэри мыгъэзэщIауэ къэнащ: адыгэ республикищми фэтэр 50 хъу унэхэр щыщIыныр, адыгэпсо парламент къызэгъэпэщыныр, - жиIащ Щхьэлахъуэм.



## II Конгресс. Мейкъуапэ, 1993 гъэ

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и етIуанэ зэIущIэр 1993 гъэм Мейкъуапэ щекIуэкIащ. Музыкэ-драмэ театрым Урысеймрэ Адыгеймрэ я къэрал ныпхэр итщ. ЗэIущIэр яублэ Адыгэ Республикэм и ГимнымкIэ.**

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Къалмыкъ Юрэ** къызэхуэсахэм фIэхъус яриха иужь, Iуэху яублар зэрафIэкъабылым трагъащIэу къэпсэлъащ УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм ЛъэпкъхэмкIэ и Советым и тхьэмадэ **Абдулатипов Рэмэзан**, КъБР-м и Президент **КIуэкIуэ Валерий**, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Министрхэм я Советым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Уэз Анатолэ**, Шэшэн Республикэм и Парламентым и УнафэщI **Сосланбеков Ильяс**, Абхъазхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщI **Шамбэ Тарас**, н. Лъэпкъым къыпэщыт Iуэхугъуэхэм нэхъ тригъащIэу къэпсэлъащ Адыгэ Республикэм и Президент **Джарым Аслъэн**. ГъэкIэщIауэ фыщыдогъэгъуазэ абы жиIам:

- ИлъэситI дэкIащ Налшык щекIуэкIа япэ зэIущIэм лъандэрэ. А пIалъэм къриубыдэу ди гъащIэм щIэ куэд къыхыхьащ. Демократие зэхэтыкIэм дызэрыхуэкIуар щхьэпащ хъыбаркIэ дызэрыщIэным, хэхэсхэмрэ дэрэ дызэкIэлъыкIуэф дыхъуным. Куэд зэрыгъуэтыжащ. Политикэ, хабзэ лъабжьэ ягъуэтащ гражданствэм, уней мылъкум ехьэлIа Iуэхугъуэхэм. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, ди жылагъуэ лъэпкъыбэр хуэдгъэхьэзыращ хамэщI щыIэ адыгэхэм я гукъеуэр зыхащIэным.

ЗымащIэкIэ сыкъытеувыIэну сыхуейт ди къуэшхэм я Хэкур ягъуэтыжа зэрыхъуну щIыкIэм. ФIыщIэ зыхэлъ, къэралым илъ хабзэм зыкIи емыбакъуэ мы Iуэхугъуэр тхузэфIэхынукъым, фонд хэха димыIэу. Абы елъытауэ щытынущ лэжьапIэ IэнатIэу къытхузэгъэпэщынури, псэупIэу тхуэухуэнури, нэгъуэщIхэри. Адыгэхэр мелуан бжыгъэ дыщыхъукIэ, фондри мелуанхэмкIэ гъэнщIауэ щытыпхъэщ. ИтIанэщ лъэпкъым къыпэщыт Iуэхухэр ДАХ-м щызэфIихыфынур, - жиIащ Джарымым.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент Къалмыкъ Юрэ зэIущIэм къыщипсэлъам щыщ:

- ИлъэситIыр куэдщ икIи мащIэщ. Дыубла къудейуэ аращ лэжьыгъэр. ЦIыху бжыгъэкIэ къатщтэмэ, Адыгейм 707-рэ къэкIуэжащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым - 2500-рэ, Къэрэшей-Шэрджэсым унагъуи 10. Ди къалэн нэхъыщхьэр зыхэслъагъуэр Хэкум къихьэжым сыткIи дыдэIэпыкъунращ.

Гражданствэм теухуауэ. УФ-м и Хабзэм къигъэувырт, ди къэралым ущыпсэуну укъэкIуамэ, гражданствэ уиIэм уи Iуэху хэмылъыжу. Куэд щIакъым ди Парламентым Хабзэр зэригъэщабэрэ. Иджы къэралитIым я гражданствэ уиIэну ухуитщ. А Хабзэр зэхэлъхьэным, къэщтэным гугъу дехьу елэжьащ Урысейм и Парламентым и комиссэр, ДАХ-м и вице-президент МыкIытIей Абдулыхь зи унафэщIыр. Аращ ар ди ехъулIэныгъэшхуэхэм ящыщу къыщIэслъытэри.

Адыгэ псори зы бзэм хуэкIуэныр - ар ДАХ-м и къалэн пажэхэм хебжэ. Ди бзэр дымыщIэжмэ, литературэ тхылъ абыкIэ къытхуэмыгъэщIыжмэ, хабзэр зедмыхьэжмэ, сытым дриуасэ? Мы зэманым республикэм еплIанэ классым нэсыху адыгэбзэкIэ щрагъаджэ, итIанэ урысыбзэм тохьэж.

Сэ Къэбэрдей конгрессым и унафэщIу сыщылэжьам, унафэ къэтщтауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школ псоми, япэ классым щыщIэдзауэ епщыкIузанэ классыр къаухыху, адыгэбзэр щаджын хуейуэ.

Дэ политикэм дыхэмыхьэну жыдоIэ, ауэ лъэпкъ Iуэху зепхуэу щыщIэбдзэкIэ, нэгъуэщIу къыщIедз. Политикэм дыхыхьэнукъым жытIэу, абхъаз лъэпкъыр деплъурэ зэтредгъэукIэнут? Мини 100-щ ахэр зэрыхъур. А зауэм дыхыхьа щIэхъуар куэдым къагурыIуэркъым, лъэпкъитIым ди лъабжьэр зыуэ зэрыщытыр ящIэркъыми. Зэманым зэпэIэщIэ дищIами, ди бзэкIи ди хабзэкIи зыуэ дызэрыщытам щыхьэт техъуэр нэхъыбэжщ. Ар къагурыIуапхъэщ зауэр зыублахэм. Дэ сыт щыгъуи дыкъуэтынущ абхъаз цIыхубэм.

ДАХ-р диIэ щыхъуакIэ, мылъку гуэри ткъуэлъын хуейщ. ХьэрычэтыщIэхэр зэхуэтшэсри абы дытепсэлъыхьат, дэтхэнэми дыкъигъэгугъат бжыгъэ гуэркIэ, ауэ жаIар ящыгъупщэжащ. Ар хьэл мыгъуэжьу тхэлъщ адыгэм. «Черкесия» зыфIэтща фондыр хабзэм тету едгъэтхащ. Ар дзыхь зыхуэтщI гуэрым и пщэм илъхьауэ, адэкIэ ди гъуэгум пытщэн хуейщ.

Иджыри къэс дызыхунэмыса Iуэхущ тхыдэр зэрадж тхылъхэр зэрыдимыIэр. ЩIэныгъэлIхэр зэхэтIысхьэу щхьэж зэлэжьыну лъэхъэнэр яубзыхун хуейт, ауэ, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэр диIэми, Iуэхур псалъэм фIэкIакъым. Тхыдэм хуэдэ къабзэу, адыгэ хабзэмкIи тхылъ диIэн хуейщ.

Мыбдежым республикищым я унафэщIхэр зэрыщIэсыр къэзгъэсэбэпу къыхызолъхьэ: фэри ДАХ-ри дызэхэвгъэхьи, радио, телевиденэ нэтынхэмкIэ дызэлъэIэсу дывгъэщI. Ар сэбэпышхуэ хъунут щIэблэм адыгэбзэр, тхыдэр, хабзэр ящIэнымкIэ.

## IV Конгресс. Краснодар, 1998 гъэ

**1998 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м Краснодар щызэхуэсащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и IV Конгрессыр. Абы хэтщ Адыгейм, Краснодар крайм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Москварэ Санкт-Петербургрэ, Сирием, Германием, Голландием, Тыркум, Иорданием, США-м щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэхэр.**

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм и еплIанэ зэхуэсым абы и президент **Акъбащ Борис** щыжиIам нэхъыщхьэу хэлъахэр.

- ДАХ-м и ещанэ зэхуэсыр иухри, тхьэмахуэ пIалъэ нэхъ къыхэдмыгъахуэу, УФ-м и Президент Ельцин Борис, Правительствэм и УнафэщI Черномырдин Виктор, ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщI Строев Егор, Къэрал Думэм и УнафэщI Селезнев Геннадий, Къэрал Думэм Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и комитетым и УнафэщI Зорин Валентин, лъэпкъхэм я IуэхухэмкIэ, федеративнэ зэхущытыкIэхэмкIэ УФ-м и министр Михайлов Владимир, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щыхахауэ Къэрал Думэм и депутатхэу Темыржан Владимир, Якуш Михаил, ЦIыкIу Казбек сымэ тхылъ яIэщIэдгъэхьащ адыгэ лъэпкъыр лъапсэрых ящIауэ зэрыщытам еувэлIэным щхьэпэну, абы къэрал унафэ игъуэтыну дыщIэлъэIуу, - жиIащ Акъбащым. - Жэуап къыдэзытыжар Лъэпкъхэм я IуэхухэмкIэ, федеративнэ зэхущытыкIэхэмкIэ УФ-м и министерствэмрэ ФедерацэмкIэ Советымрэщ.

Урыс-Кавказ зауэр ди лъэпкъхэм дежкIэ зыхуэдар нэхъыбэм къащIэн папщIэ, 1997 гъэм дыгъэгъазэ мазэм «Жизнь национальностей» журналым делъэIуащ УФ-м и Президент Ельцин Борис Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 130-рэ щрикъум Зэрызыкъытхуигъэзам ипкъ иту адыгэ тхыдэм епха Iуэхугъуэхэр къыщаIэтыну зэIущIэ щIэныгъэлIхэр хэту къызэригъэпэщыну. Редакцэр абы арэзы техъуащ икIи тхыгъэр 1999 гъэм адыгэм я Щыгъуэ махуэм и пэ къиихуэу къытехуэнущ.

ОННН-м и унафэр зезыхьэ Комитетым адыгэм и лIыкIуэ япэ дыдэу хагъэхьащ. Ар пщэрылъ щытщIащ ДАХ-м и Iуэхузехьэ гупым хэт Къэзанокъуэ Теувэж.

ОННН-р къыддэIэпыкъуурэ ди лIыкIуэхэр тIэу къыщыпсэлъащ ООН-м цIыхум иIэ хуитыныгъэхэмкIэ и Комиссэм, лъэпкъ мащIэхэм я хуитыныгъэмкIэ щыIэ подкомиссэм.

Мы гъэм мэлыжьыхьым и 6-м ООН-м цIыхум и хуитыныгъэмкIэ и Комиссэм и 45-нэ сессием Къэзанокъуэ Теувэж къыщыпсэлъащ зэхэзехуэн ящIа лъэпкъхэм я Зэгухьэныгъэм и цIэкIэ.

1998 гъэм накъыгъэм и 28-м лъэпкъ мащIэхэм я IуэхухэмкIэ ООН-м и ЛэжьакIуэ гуп Женевэ щызэхуэсати, Къэзанокъуэ Теувэж абдеж къыщыпсэлъащ адыгэ лъэпкъым и зы фIэщыгъэцIэр зэфIэгъэувэжын, Хэкум къыхуеIэ дэтхэнэми къигъэзэжынымкIэ хуитыныгъэ яIэн, Сирием рэ Тыркумрэ щыпсэу адыгэхэм я унэцIэ дыдэр зэрахьэну хуитыныгъэ яIэн зэрыхуейм теухуауэ.

Анэдэлъхубзэр хъумэным къызэрымыкIуэу лъабжьэфI хуэхъунущ ДАХ-м и Iуэхузехьэ гупым иубла лэжьыгъэр. ДАХ-м и ещанэ зэхуэсым къихьа унафэхэм япкъ иту «Адыгэхэр» лъэпкъыпсо телестудиер къызэгъэпэщыныр и кIэм ноблагъэ.

Къапщтэмэ, анэдэлъхубзэр яджынымкIэ зэфIэкI гуэрхэр яIэ хъуащ; «Iуэдыщэ» IуэрыIуатэ ансамблым ахъшэ хухахащ. 1998 гъэм еджэгъуэ илъэсыр щаублэжым къыщыщIэдзауэ ТIуапсэ къалэм щылэжьэнущ Адыгэ къэрал университетым и къудамэ, анэдэлъхубзэмкIэ, тхыдэмкIэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру. «Шапсыгъ» газетым ахъшэ хуиутIыпщынущ; радиокIэ адыгэбзэ тхыгъэхэр езыгъэкIуэкIын корреспондентитI кърагъащтэ; шапсыгъ къуажэхэм заужьыным гулъытэ нэхъ хуащI хъуащ, - жиIащ Акъбащ Борис.

ДАХ-м и IV зэхуэсым игъэбелджылащ зэлэжьын хуей Iуэхугъуэхэр. ЛIыкIуэхэм къащтащ УФ-м хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Примаков Е. М. (адыгэхэр Косовэ кърашыжыным епха Iуэху гугъусыгъуэхэр зэрызэфIахым щхьэкIэ фIыщIэ хуащIу. Абы къищынэмыщIауэ, министрым гу лърагъатэ, Нидерландхэм щыIэ Урысей посольствэм щхьэусыгъуэ гуэрхэр къагупсысу, ДАХ-м и IV зэхуэсым ОННН-м и Генеральнэ Секретарь Майк Ван Праг къызэрамыгъэкIуам, Иорданием къикIын хуея ди лъэпкъэгъухэри визэ къыдахынымкIэ гугъу зэрырагъэхьам теухуауэ) зэрызыхуагъэзэ. АР-м, КъБР-м, КъШР-м я унафэщIхэм хуагъэхьащ лъэпкъыр зэрызэджэж «адыгэ», нэгъуэщIхэр къызэреджэ «шэрджэс» псалъэхэр къэщтэжын хуейуэ. Абы халъагъуэр тхыдэ захуагъэм и закъуэкъым, атIэ УФ-м щат паспортым цIыхур зыщыщ лъэпкъыр зэрырамытхэжынум зэлъэпкъэгъухэр нэхъри зэщигъэункIэ, зэфIигъэкIуэдынкIэ зэрыхъунум зэрыригузавэри хэтщ.



## V Конгресс. Налшык, 2000 гъэ

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зи чэзу етхуанэ зэхуэсыр Налшык, Щоджэнцыкыу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щекIуэкIащ 2000 гъэм бадзэуэгъуэм и 28 - 29 махуэхэм.**

ЯПЭ МАХУЭР ирагъэхьащ ДАХ-р зэрызекIуэ Хабзэм (Уставым) и Iыхьэ гуэрхэр зэрахъуэкIыным, хагъэкIыным, абы и унафэщIхэр хэхыным. Абыхэм ящыщу нэхъ гу зылъытапхъэр ДАХ-м и Iуэхузехьэ гупыр (исполкомыр) зыгъэлажьэ генеральнэ секретарь хуэмеижу къызэралъытарщ. Абы къищынэмыщIауэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэхуэсыр илъэситIым зэ зэхыхьэу щытамэ, иджы илъэсищ пIалъэ ягъэуващ.

ЕтIуанэ махуэм лIыкIуэхэр тепсэлъыхьащ ДАХ-р иужьрей илъэситIым зэрылэжьам, лъэпкъыр зэрыгъуэтыжынымкIэ мыхьэнэ нэхъ зиIэу къалъытэ Iуэхугъуэхэм.

Дунейпсо Хасэр къызэрыунэхурэ, абы комитет иIэщ Адыгэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щыпсэу адыгэхэм я бзэр зэпэгъунэгъу щIыным, я алыфбейр зы тхыкIэм хуэгъэкIуэжа зэрыхъунум хуэлажьэу. Абы и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор, академик Къумахуэ Мухьэдин жиIащ:

- Хэхэс адыгэхэр къыдолъэIу кIахэхэмрэ къэбэрдейхэмрэ зы литературэбзэм, тхэкIэм дыхуэкIуэну. Ауэ бзитIыр зэхэплъхьэу зы пхуэщIынукъым, щIэныгъэр щыгъуазэкъым апхуэдэ Iуэху. ТхуэщIэну къэтлъытэрати, макъхэр къызэрыдгъэлъагъуэ хьэрфхэмкIэ ди алыфбеитIыр зым зэрыхуэдгъэкIуэнум иужь дитащ. Абы теухуауэ щIэныгъэлIхэм я зэIущIэ нэгъабэ Налшык щедгъэкIуэкIри, дыкъызытеувыIа проектыр Адыгеймрэ КъБР-мрэ я Парламентхэр хэплъэну, республикитIым я Президентхэр щагъэгъуэзэну еттащ. Ауэ мазибгъу дэкIащи, жэуап щыIэкъым.

Къумахуэм адэкIэ и гугъу ищIащ Адыгэ щIэнгъуазэ (энциклопедие) къыдэгъэкIыным зэрелэжьам, ар 2001 гъэм дунейм къытехьэным зэрыхуагъэхьэзырам, абы елэжьахэм я гуащIэм пэкIуэн ахъшэр ДАХ-м и тхьэмадэу иужьрей илъэситIым щыта Акъбащ Борис къызэриугъуеям. «Псори кIуэдыжынущ, кIуэд зимыIэр ди щэнхабзэр здынэсар къэзыгъэлъэгъуэну, тхыдэм къыхэнэну щIэнгъуазэ тхылъращ, - къыхигъэщащ **Къумахуэ Мухьэдин**.

Тыркум щыIэ Хасэхэм я зэгухьэ «Кафдер» жыхуиIэм и тхьэмадэ **Агъашэ Мухьиддин** жиIащ мыпхуэдэу:

- Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм пщIэшхуэ фхудощI, фи адэшхуэхэр Хэкум къинащи. Мелуанитху дыщопсэу Тыркум, адыгэбзэмкIэ демыджами, ди адэ-анэм анэдэлъхубзэр дагъэщIащ. Ауэ кIуэ пэтми яхощI зи бзэкIэ псэлъэфхэм. Сыт ди Iэмал, зэуэ зыкъэтIэту дыкъыщымыкIуэжыфкIэ? Ди Iуэхур тэмэм хъун папщIэ, дызыхэс къэралхэм дедаIуэу, демыбийуэ дыщыпсэун хуейщ. Дыпылъыпхъэщ Тыркумрэ Урысеймрэ нэхъри зэгъунэгъу зэрызэхуэтщIынум.



# 73 ИЗБИРАТЕЛЬНЫХ УЧАСТКА ОТКРОЮТСЯ 22 МАЯ В КБР

**22 мая партия «Единая Россия» проводит предварительное голосование по кандидатурам для последующего выдвижения от партии «Единая Россия» кандидатов в депутаты Государственной Думы Федерального Собрания РФ. В этот день на территории КБР бу дет открыто 73 счётных участка для граждан, желающих выразить свою активную жизненную позицию. Голосование будет проходить с 8 до 20 часов. Границы счётных участков для предварительного голосования по кандидатурам для последующего выдвижения от партии «Единая Россия» кандидатов в депутаты Государственной Думы Федерального Собрания РФ седьмого созыва на территории КБР.**

| № п/п | №счётного участка | Центр счётного участка (адрес места нахождения), контактный телефон | Границы счётного участка (номера УИК) |
|---|---|---|---|
| **Кабардино-Балкарский избирательный округ №14** | | | |
| **Баксанский район** | | | |
| | 7.14.001 | с.п. Нижний Куркужин, МОУ СОШ №3, ул. Октябрьская, 185, тел. 8-960-422-91-58 | УИК 15 – с.п. Нижний Куркужин, ул. Октябрьская, 185, здание администрации;<br>УИК 16 – Нижний Куркужин, ул.Октябрьская, 260, здание МОУ СОШ №3;<br>УИК 17 – с.п. Верхний Куркужин, ул. Октябрьская, 131, здание МОУ ООШ №2;<br>УИК 18 – с.п. Верхний Куркужин, ул. Октябрьская, 12, здание МОУ СОШ №1;<br>УИК 24 – с.п. Куба-Таба, ул. Советская, 3 «а», здание МОУ СОШ №1 |
| | 7.14.002 | с.п. Псыхурей, ул. Катханова, 128, здание МОУ СОШ, тел. 8-960-426-14-97 | УИК19 – с.п. Псыхурей, ул.Катханова, 128, здание МОУ СОШ<br>УИК 22 – с.п. Куба, ул.Комсомольская б/н, здание Дома культуры<br>УИК 23 – с.п. Куба, ул.Комсомольская, 80, здание МОУ СОШ №2<br>УИК 25 – с.п. Кременчуг-Константиновское, ул.Садовая, 56, здание Дома культуры |
| | 7.14.003 | с.п. Баксанёнок, СДК, ул. Березгова, 170, тел. 8-909-492-89-49 | УИК 10 – г.о. Баксанёнок, ул. Баксанская, 68, здание МОУ СОШ №2<br>УИК 1 1– г.о. Баксанёнок, ул. Березгова, 191, здание МОУ СОШ №1<br>УИК 12 – г.о. Баксанёнок, ул. Ерижокова, б/н, здание МОУ СОШ №3<br>УИК 20 – с.п. Псычох, ул. Ленина,11, здание МОУ СОШ<br>УИК 26 – с.п. Кишпек, ул. Школьная, 4, здание администрации |
| | 7.14.004 | с.п. Исламей, МОУ СОШ №1, ул. Эльбрусская, 127, тел. 8-928-713-43-77 | УИК 1 – с.п. Исламей, ул.Эльбрусская,17, здание МОУ СОШ №3<br>УИК 2 – с.п. Исламей, ул.Эльбрусская,127, здание МОУ СОШ №1<br>УИК 3 – с.п. Исламей, ул.Надречная, 71, здание МОУ СОШ №2<br>УИК 4 – с.п. Исламей, ул.Надречная,96, здание МОУ СОШ №4<br>УИК 13 – с.п. Атажукино, ул.Катанчиева, 56, здание администрации<br>УИК 14 – с.п. Атажукино, ул.Апшева, 85, здание МОУ СОШ №3 |
| | 7.14.005 | с.п. Заюково, ул. Баксанская, 4, здание МОУ СОШ №4, тел. 8-928-078-69-65 | УИК 5 – с.п. Заюково, ул. Баксанская, 4, здание МОУ СОШ №4<br>УИК 6 – с.п. Заюково, ул. Казаноко, 135, здание МОУ СОШ №1<br>УИК 7– с.п. Заюково, ул. Кирова, 365, здание администрации<br>УИК 8 – с.п. Заюково, ул. Дикинова, 5, здание СКОШИ №1<br>УИК 9 – с.п. Заюково, ул. Кирова, 415, здание МОУ СОШ №3<br>УИК 21– с.п. Жанхотеко, ул.Заречная, 7, здание МОУ СОШ |
| **г.о. Баксан** | | | |
| | 7.14.006 | пр. Ленина, 23, здание ДК г.Баксана, тел. (86634) 4-10-16 | УИК 27 – г.о. Баксан, проспект Ленина, 23<br>УИК 28 – г.о. Баксан, ул.Эльбрусская, 15 (здание ЗАОрНП «Заря»)<br>УИК 29 – г.о. Баксан, ул.Р.Калмыкова, 1 (здание МКОУ СОШ №3 им.Р.Калмыкова)<br>УИК 30 – г.о. Баксан, ул.Угнич, 1 (здание МКОУ СОШ №6) |
| | 7.14.007 | ул. Шукова, 1, здание МКОУ СОШ №5, тел. (86634) 4-28-61 | УИК 33 – г.о. Баксан, ул. Шукова, 1 (здание МКОУ СОШ №5)<br>УИК 32 – г.о. Баксан, ул. Шукова, 2 (здание МКОУ СОШ №1)<br>УИК 31 – г.о. Баксан, ул. Николаева, 2 (здание МКОУ прогимназия №5)<br>УИК 34 – г.о. Баксан, ул. Панайоти, 177 (здание МКОУ СОШ №4)<br>УИК 35 – г.о. Баксан, ул. Бесланеева, 12 (здание МКОУ СОШ №2)<br>УИК 36 – г.о. Баксан, ул. Шукова, 142 (здание СПК им. Шогенцукова) |
| | 7.14.008 | ул. Апанасова, 72, здание МКОУ ООШ №8, тел. (86634) 4-79-27 | УИК 38 – г.о. Баксан, ул. Апанасова, 72 (здание МКОУ ООШ №8)<br>УИК 37 – г.о. Баксан, пер. Иванова, 1 (здание МКОУ СОШ №10)<br>УИК 42 – г.о. Баксан, ул. Кокова, 224 (здание поликлиники №2) |
| | 7.14.009 | ул. Баксанская, 24, тел. (86634) 4-89-56 | УИК 39 – г.о. Баксан, ул.Баксанова, 24 (здание ДК с. Дугулубгей)<br>УИК 40 – г.о. Баксан, пер.Куашева, 16 (здание МКОУ ООШ №9)<br>УИК 41 – г.о. Баксан, ул.Баксанова, 86 (здание МКОУ СОШ №7) |
| **Зольский район** | | | |
| | 7.14.010 | г.п. Залукокоаже, ул. Комсомольская, 85, тел. 8(8663) 74-12-85 | УИК 65 – г.п. Залукокоаже, ул. Комсомольская, 34<br>УИК 66 – г.п. Залукокоаже, ул. Кавказская, 8<br>УИК 67 – г.п. Залукокоаже, ул. Пятигорская, 1«а»<br>УИК 43 – с.п. Этоко, ул. Школьная, 1 |
| | 7.14.011 | с.п. Шордаково, ул. Мира, 7, тел. 8(8663) 77-31-41 | УИК 44 – с.п. Светловодское, ул.Октябрьская, 94 «а»<br>УИК 45– с.п. Шордаково, ул.Ленина, 64<br>УИК 46 – с.п. Белокаменское, ул. Центральная, 2 |
| | 7.14.012 | с.п. Малка, ул. Ленина, 371, тел. 8(8663) 77-72-69 | УИК 51 – с.п. Камлюко, ул. Школьная, 2<br>УИК 52 – с.п. Приречное, ул. Будённого, 9<br>УИК 53 – с.п. Малка, ул. Ленина, 371<br>УИК 54 – с.п. Малка, ул. Ленина, 173<br>УИК 55 – с.п. Малка, ул. Ленина, 60 |
| | 7.14.013 | с.п. Залукодес, ул. Школьная, 6, тел. 8(8663) 77-44-48 | УИК 47 – с.п. Дженал, ул. Центральная, 1<br>УИК 48 – с.п. Залукодес, ул. Школьная, 6<br>УИК 49 – с.п. Зольское, ул. Советская, 96<br>УИК 50 – с.п. Псынадаха, ул. Ленина, 108<br>УИК 59 – с.п. Совхозное, ул. Школьная, 1 «а» |
| | | | |
| | 7.14.014 | с.п. Каменномостское, ул. Кумыкова, 5, тел. 8(8663) 77-91-69 | УИК 56 – с.п. Сармаково, ул. Ленина, 51<br>УИК 57 – с.п. Сармаково, ул. Ленина, 152<br>УИК 58 – с.п. Сармаково, ул. Ленина, 211<br>УИК 60 – с.п. Каменномостское, ул. Ленина, 46<br>УИК 61 – с.п. Каменномостское, ул. Кумыкова, 5<br>УИК 62 – с.п. Каменномостское, ул. Куважукова, 101<br>УИК 63 – с.п. Хабаз, ул. Ленина, 67<br>УИК 64 – с.п. Кичмалка, ул. Чкалова, 34 |
| **Лескенский район** | | | |
| | 7.14.015 | с.п. Аргудан, ул. Ленина, 249 «а», тел. 8(8663) 99-13-50 | УИК 68 – с.п. Аргудан, Суншева, 28<br>УИК 69 – с.п. Аргудан, Жигунова, 105<br>УИК 70 – с.п. Второй Лескен, Шортанова, 46<br>УИК 71 – с.п. Ерокко, Масаева, 55<br>УИК 72 – с.п. Ташлы-Тала, Ленина, 38<br>УИК 73 – с.п. Верхний Лескен, Ленина, 19 |
| | 7.14.016 | с.п.Анзорей, ул. Хамгокова, 27, тел. 8(8663) 99-51-21 | УИК 74 – с.п. Анзорей, Степная, б/н УИК 75 – Анзорей, Хамгокова, 27<br>УИК 76 – с.п. Озрек, Кабалоева, 1<br>УИК 77 – с.п. Хатуей, Бараова, 17<br>УИК 78 – с.п. Урух, имени Сундукова З.С., 12 |
| **Урванский район** | | | |
| | 7.14.017 | г.п. Нарткала, ул. Ленина, 72, тел. (886635) 4-22-76 | УИК 294 – г.п. Нарткала, Ленина, 72<br>УИК 298 – г.п. Нарткала, Гурфова, 3<br>УИК 299 – г.п. Нарткала, Пушкина, 76<br>УИК 280 – с.п. Шитхала, Мира, 51 «а»<br>УИК 279 – с.п. Морзох, Комсомольская, 1 |
| | 7.14.018 | г.п. Нарткала, ул. Кабардинская, 115, тел. 8(86635) 4-17-21 | УИК 297 – г.п. Нарткала, Кабардинская, 115<br>УИК 293 – г.п. Нарткала, ул.Массаева, 31<br>УИК 277 – с.п. Герменчик, Школьная, 57 |
| | 7.14.019 | г.п. Нарткала, ул. Кабардинская, 131, тел.: 8(86635) 4-12-09, 4-25-21 | УИК 296 – г.п. Нарткала, Кабардинская, 131<br>УИК 292 – г.п. Нарткала, Жамборова, 4<br>УИК 295 – г.п. Нарткала, Тарчокова, 17<br>УИК 279 – с.п. Морзох, Комсомольская, 1 |
| | 7.14.020 | с.п. Псынабо, ул. М. Шекихачевой, 24, тел. 8(86635) 76-5-16 | УИК 287 – с.п. Нижний Черек, Ленина, 69<br>УИК 288 – с.п. Псыкод, Ленина, 3<br>УИК 289 – с.п. Псынабо, Марии Шекихачевой, 24<br>УИК 290 – с.п. Кахун, Октябрьская, 100<br>УИК 291 – с.п. Кахун, Кирова, 140 |
| | 7.14.021 | с.п. Старый Черек, ул. Ленина, 134, тел. 8(86635) 73-4-43 | УИК 281 – с.п. Урвань, Кафоевых, 132<br>УИК 282 – с.п. Урвань, Школьная, 24<br>УИК 283 – с.п. Псыгансу, Ленина, 109<br>УИК 284 – с.п. Псыгансу, Бекалдиева, 20<br>УИК 285 – с.п. Старый Черек, Куашева, 3<br>УИК 286 – с.п. Старый Черек, Ленина, 134 |
| **Чегемский район** | | | |
| | 7.14.022 | с.п. Шалушка, ул. Ленина, 60 «Б», тел. 8(8663) 07-32-32 | УИК 310 – с.п. Шалушка, ул. Ленина, 60 «б»<br>УИК 311 – с.п. Шалушка, ул. А.Г.Юанова, 1<br>УИК 312 – с.п. Шалушка, пер. Колхозный, 8<br>УИК 313 – с.п. Яникой, ул. Байсултанова, 76<br>УИК 317 – с.п. Звёздный, ул. Ленина, 16 |
| | 7.14.023 | с.п. Нижний Чегем, ул. Кулиева, 84, здание школы, тел. 8(8663) 07-91-24 | УИК 300 – с.п. Верхне-Чегемское, ул. Кулиева, 38<br>УИК 301 – с.п. Хушто-Сырт, ул. Балкарская, 22<br>УИК 302 – с.п. Нижний Чегем, ул. К.Кулиева (здание школы), 84<br>УИК 303 – с.п. Лечинкай, ул. Канукоева Н.Т., 74 |
| | 7.14.024 | г.п. Чегем, ул. Баксанское шоссе, 7, тел. 8(8663) 04-13-08 | УИК 304 – г.п. Чегем Второй, ул. Ленина, 72<br>УИК 305 – г.п. Чегем Второй, ул. Ленина, 169<br>УИК 306 – г.п. Чегем, ул. А.С. Кярова, 6<br>УИК 307 – г.п. Чегем, ул. Баксанское шоссе, 7<br>УИК 308 – г.п. Чегем, ул. Баксанское шоссе, 25 «а»<br>УИК 309 – г.п. Чегем, ул. Свободы, 160 |
| | 7.14.025 | с.п. Нартан, ул. Ленина, 137, тел. 8(8663) 09-71-72 | УИК 314 – с.п. Нартан, ул. Ленина, 100<br>УИК 315 – с.п. Нартан, ул. Ленина, 137<br>УИК 316 – с.п. Нартан, ул. А.Тухужева, 1 |
| **Майский район** | | | |
| | 7.14.026 | г. п.Майский, ул. Ленина, 26, тел. 8(8663) 32-32-20 | УИК 79 – г.п. Майский, ул. 9 Мая, 181 (здание ООО «Севкаврентген-Д»)<br>УИК 80 – г.п. Майский, ул. М. Горького, 116 (здание школы №5)<br>УИК 81 – г.п. Майский, ул. Гагарина, 10 (здание гимназии №1)<br>УИК 82 – г.п. Майский, ул. Ленина, 24 (здание ДК «Россия»)<br>УИК 83 – г.п. Майский, ул. М. Горького, 112 (здание гимназии №13)<br>УИК 84 – г.п. Майский, ул. Октябрьская, 46 (здание ЦДТ)<br>УИК 85 – г.п. Майский, ул. Трудовая, 48 (здание школы №3)<br>УИК 86 – г.п. Майский, ул. 9 Мая, 1 (здание клуба ООО «Алко-Стандарт»)<br>УИК 87 – г.п. Майский, здание администрации ООО зверохозяйства «г.п. Майский» |
| | 7.14.027 | г.п. Майский, ул. Калинина, 125, тел. 8(8663) 32-17-96 | УИК 88 – г.п. Майский, ул. Медведева, 10 (здание школы №10)<br>УИК 89 – г.п. Майский, ул. Кирова, 227 (здание школы №2)<br>УИК 90 – г.п. Майский, ул. Калинина, 125 (здание городского ДК)<br>УИК 91 – г.п. Майский, ул. Железнодорожная, 54 (здание ДК «Родина»)<br>УИК 92 – с.п.Сарское, ул. Мичурина, 6 (здание сельского клуба) |
| | 7.14.028 | ст. Котляревская, ул. Лебедевых, 93, тел. 8(8663) 34-32-61 | УИК 93 – ст. Александровская, ул. Октябрьская, 36 (здание сельского ДК)<br>УИК 94 – ст. Котляревская, ул. Лебедевых, 93 (здание сельского ДК) |
| | 7.14.029 | с.п. Ново-Ивановское, ул. Ленина, 162, тел. 8(8663) 34-42-87 | УИК 95 – с.п. Октябрьское, ул. 50 лет Октября, 42 (здание сельского ДК)<br>УИК 96 – с.п. Ново-Ивановское, ул. Ленина, 162 (здание сельского ДК) |
| **г.о. Нальчик** | | | |
| | 7.14.030 | с. Белая Речка, ул. Бабаева, 33, тел. 8 (8662) 72-41-88 | УИК 98 – с. Белая Речка, ул. Бабаева, 33 (здание Дома культуры)<br>УИК 103 – ул. Шогенцукова, 5 «а» (здание ОАО «Курорт Нальчик») |
| | 7.14.031 | с. Хасанья, ул. Ульбашева, 11, тел. 8(8662)71-56-10 | УИК 99 – с. Хасанья, ул. Аттоева, 15 (здание МКОУ «НШДС №74»)<br>УИК 100 – с. Хасанья, ул. Аттоева, 43 (здание Дома культуры)<br>УИК 101 – с. Хасанья, ул. Ульбашева, 11 (здание МБОУ «СОШ №16»)<br>УИК 102 – с. Хасанья, ул. Дружбы, 18 (здание филиала МКОУ «НШДС №74») |
| | 7.14.032 | с. Кенже, ул. Катханова, 91, тел. 8(8662) 40-96-28 | УИК 108 – с. Кенже, ул. Катханова, 91 (здание МБОУ «СОШ №20»)<br>УИК 109 – с. Кенже, ул. Ахметова, 58 (здание МБОУ «СОШ №22»)<br>УИК 110 – с. Кенже, ул. Каменская, 4 (здание ООО «Кенженский пищекомбинат») |
| | 7.14.033 | ул. Ватутина, 28, тел. 8(8662) 71-11-43 | УИК 111 – ул. Тарчокова, 52 (здание МБОУ «Прогимназия №75»)<br>УИК 112 – ул. Тарчокова, 52 «б» (здание МБОУ «Гимназия №29»)<br>УИК 113 – ул. Ватутина, 28 (здание МБОУ «СОШ №23»), д/с №58<br>УИК 114 – ул. Байсултанова, 33 (здание ФБУЗ Центр гигиены и эпидемиологии)<br>УИК 115 – ул. Байсултанова, 27 (здание МБОУ «СОШ №23»), д/с №49 |
| | 7.14.034 | ул. Московская, 6 «а», тел. 8(8662) 74-38-86 | УИК 104 – ул. Тарчокова, 32 (здание МБОУ «НШДС №63»)<br>УИК 105 – ул. Московская, 6 «а» (здание МБОУ «СОШ №32»)<br>УИК 106 – пр. Кулиева, 9 (здание Нальчикского института кооперации)<br>УИК 116 – ул. Ватутина, 6 (здание МБОУ «СОШ №23»)<br>УИК 117 – ул. Кирова, 8 (здание МБОУ «СОШ №19»)<br>УИК 118 – просп. Кулиева, 28 «а» (здание МУППК «Горный»)<br>УИК 149 – ул. Московская, 6 «а» (здание МБОУ «СОШ №32») |
| | 7.14.035 | пр. Кулиева, 12, тел. 8(8662) 47-74-14 | УИК 107 – просп. Кулиева, 5 (здание МБОУ «Гимназия №14»)<br>УИК 119 – ул. Шортанова, 14 (здание спортивно-оздоровительного комплекса)<br>УИК 120 – просп. Кулиева, 12 (здание Дворца культуры профсоюзов)<br>УИК 121 – ул. Карашаева, 17 (здание МБОУ «Гимназия №14», детский сад №61)<br>УИК 126 – ул. Балкарская, 3 (здание Колледжа культуры и искусств СКГИИ)<br>УИК 127 – ул. Головко, 7 (здание МУЗ «Городская клиническая больница №1») |
| | 7.14.036 | ул. Головко, 89, тел. 8(8662) 47-41-13 | УИК 122 – ул. Матросова, 5 (здание фирмы ООО «Бетро»)<br>УИК 123 – ул. Головко, 89 (здание МБОУ «Гимназия №1»)<br>УИК 124 – ул. Инессы Арманд, 43 (здание Мин. строительства и архитектуры)<br>УИК 125 – ул. Чайковского, 26 (здание ИФНС РФ №1 по г. Нальчику)<br>УИК 128 – ул. Инессы Арманд, 30 (здание ОАО «Каббалкгаз»)<br>УИК 129 – ул. Горького, 11 (здание МБОУ «СОШ №9») |
| | 7.14.037 | ул. Залиханова, 4, тел. 8(8662) 77-19-40 | УИК 133 – ул. Захарова, 77 (здание МБОУ «СОШ №6»)<br>УИК 134 – ул. Залиханова, 4 (здание МБОУ «СОШ №10»)<br>УИК 136 – ул. Тимошенко, 60 (здание РСР центра для несовершеннолетних) |
| | 7.14.038 | ул. Профсоюзная, 122, тел. 8(8662) 44-55-24 | УИК 140 – ул. Туриста, 74 (здание общежития Нальчикского консервного завода)<br>УИК 141 – ул. Профсоюзная, 122 (МБОУ «СОШ №12» )<br>УИК 142 – ул. Туриста, 7 «б» (здание отделения «Технолог»)<br>УИК 143 – ул. Профсоюзная, 185 (здание МБОУ «СОШ №17») |
| | 7.14.039 | ул. 2-й Таманской дивизии, 422, тел. 8(8662) 73-51-40 | УИК 137– ул. 2-й Таманской дивизии, 27 (здание МБОУ «СОШ №27»)<br>УИК 138 – ул. 2-й Таманской дивизии, 450 (здание МБОУ «СОШ №27»), д/с №3<br>УИК 139 – ул. Калмыкова, 246 (здание КБ экономико-правового лицея)<br>УИК 144 – ул. Будаева, 13 (здание МУЗ «Поликлиника №2»)<br>УИК 145 – ул. 2-й Таманской дивизии, 422 (здание МБОУ «СОШ №12»), д/с №5<br>УИК 146 – ул. Шогенова, 26 (здание МБОУ «СОШ №27»), д/с №72 |
| | 7.14.040 | ул. Чернышевского, 173, тел. 8(8662) 42-27-79 | УИК 147 – ул. Чернышевского, 173 (здание КБГУ)<br>УИК 148 – ул. Чернышевского, 165 (здание педколледжа КБГУ)<br>УИК 150 – Затишье, б/н (здание Республиканской клинической больницы)<br>УИК 151 – ул. Мечникова, 171 (здание МКОУ СОШ №5, дошкольное отделение №2), д/с №51 |
| | 7.14.041 | ул. Калюжного, 15, тел. 8(8662) 91-49-19 | УИК 153 – ул. Эльбрусская, 4 (здание МБОУ «Гимназия №13»)<br>УИК 154 – ул. Калюжного, 15 (здание МБОУ «СОШ №7»)<br>УИК 155 – ул. Комарова, 51 (здание МУП «Ремстроймонтаж»)<br>УИК 156 – ул.Мальбахова, 117 (здание помещения столовой ОАО «Молочный зав»)<br>УИК 165 – ул. Мальбахова, 17 «а» (здание ПУ №8) |
| | 7.14.042 | ул. Пачева, 55, тел. 8(8662) 77-61-83 | УИК 152 – ул. Пачева, 55 (здание МБОУ «СОШ №5»)<br>УИК 157 – ул. Горького, 17 (здание медицинского колледжа КБГУ)<br>УИК 158 – просп. Ленина, 53 (здание помещения Федерации профсоюзов КБР)<br>УИК 159-просп. Ленина, 69 (здание МБОУ «Гимназия №4») |
| | 7.14.043 | пр. Шогенцукова, 28, тел.: 8(8662) 77-33-35, 8(8662) 44-25-45 | УИК 130 – просп. Шогенцукова, 7 (здание МБОУ «Лицей №2»)<br>УИК 131 – ул. Революционная, 8 (здание МБОУ «СОШ №33»)<br>УИК 132 – ул. Заводская, 6 (здание ОАО «Нальчикский халвичный завод»)<br>УИК 160 – ул. Пушкина, 85 (здание ООО «Кожгалантерея»)<br>УИК 161 – ул. Коммунаров, 20 (здание МБОУ « СОШ №3»), д/с №30<br>УИК 162 – просп. Шогенцукова, 14 (здание ОАО «ЮТК»)<br>УИК 163 – просп. Шогенцукова, 28 (здание ГКЗ)<br>УИК 164– ул. Кабардинская, 55 (здание детской музыкальной школы №2) |
| | 7.14.044 | ул. Идарова, 160 «а», тел. 8(8662) 75-12-48 | УИК 166 – ул. Огоньянца, 25 (здание МБОУ «СОШ №31», дошкольное звено), д/с №38<br>УИК 167 – ул. Абидова, 8 (здание ОАО «Каббалкгаз» «Нальчикгаз»)<br>УИК 168 – ул. Тырныаузская, 1 (здание МБОУ «СОШ №24»)<br>УИК 169 – ул. Идарова, 160 «а» (здание МБОУ «СОШ №31»)<br>УИК 170 – ул. Идарова, 139 «а» (здание КБ торгово-технологический лицей)<br>УИК 171 – ул. Б. Хмельницкого, 34 «а» (здание МБОУ «Прогимназия №52»)<br>УИК 172 – ул. Кирова, 341 (здание МБОУ «Гимназия №13» )<br>УИК 173 – ул. Ю. Фучика, 5 (здание МБОУ «Гимназия №13», дошкольное звено), д/с №37 |
| | 7.14.045 | ул. Киримова, 1, тел. 8(8662) 77-13-25 | УИК 174 – ул. Киримова, 1 (здание ОАО «Теплоэнергетическая компания»)<br>УИК 175 – ул. Щорса, 6 (здание ОАО «Каббалкэнерго»)<br>УИК 176 – ул. им. братьев Кушховых, 79 «а» (здание МП «Комбинат дет. питания)<br>УИК 177 – ул. Б. Хмельницкого, 17 (здание МБОУ «СОШ №31», дошкольное звено)<br>УИК 178 – ул. Гагарина, 10 (здание МБОУ «НШДС №77» )<br>УИК 179 – ул. Кабардинская, 191 (здание Республиканского ОСТО) |
| | 7.14.046 | ул. Кабардинская, 198, 8(8662) 91-68-41 | УИК 180 – ул. Кабардинская, 198 (здание МБОУ «СОШ №28» )<br>УИК 181 – ул. Ашурова, 3 (здание МБОУ «Прогимназия №66/1» )<br>УИК 182 – ул. Ашурова, 22 (здание общежития МУ «ОЖКХ и Б-СЗ»)<br>УИК 183 – ул. Ингушская, 2 (здание общежития МУ «ОЖКХ и Б-СЗ» )<br>УИК 187 – ул. Ингушская, 9 «а» (здание МБОУ «НШДС №60») |
| | 7.14.047 | ул. Неделина, 20, тел. 8(8662) 97-68-20 | УИК 184 – ул. Неделина, 9 (здание МБОУ «СОШ №18»)<br>УИК 185 – ул. Неделина, 20 (здание МБОУ «СОШ №25»)<br>УИК 186 – ул. Мусукаева, 26 «а» (здание МБОУ «СОШ №18»), д/с №4<br>УИК 188 – ул. Неделина, 8 «а» (здание МБОУ «СОШ №24», детский сад №64)<br>УИК 189 – ул. Кадырова, 17 (здание МБОУ «СОШ №25», дошкольное звено) |
| | 7.14.048 | ул. Тимирязева, 7, тел. 8(8662) 91-31-98 | УИК 135 – ул. Дагестанская, 89 (здание МБОУ «Прогимназия №41»)<br>УИК 190 – ул. Дагестанская, 148 (здание Школы-интернат №3)<br>УИК 191 – ул. Тимирязева, 7 (здание МБОУ «СОШ №21») |
| | 7.14.049 | ул. Калинина, 99, тел. 8 (8662) 96-30-92 | УИК 192 – ул. Калинина, 99 (здание МБОУ «СОШ №11»)<br>УИК 193 – ул. Канкошева, 97 (здание МБОУ «СОШ №11», дошкольное звено)<br>УИК 194 – ул. 2-я Надречная, 120 (здание ЗАО «Спецдорремстрой») |
| | 7.14.050 | ул. 2-я Надречная, 135, тел. 8(8662) 97-45-43 | УИК 195 – ул. 2-я Надречная, 135 (здание МБОУ «СОШ №30»)<br>УИК 196 – ул. Калинина, 262 «а» (здание МБОУ «СОШ №30», дошкольное звено)<br>УИК 197 – ул. Калинина, 262 (здание КБ геологоразведочная экспедиция)<br>УИК 198 – ул. Коллонтай, 6 (помещение института «Севкавниигипрозем»)<br>УИК 199 – с. Адиюх, ул. Казаноко, 56 (здание МКОУ «СОШ №26») |
| **Прохладненский район** | | | |
| | 7.14.051 | с. Красносельское, ул. Театральная, б/н, тел. 8(8663)19-23-47 | УИК 200 – с.п. Дальнее, ул. Школьная, 8 (здание администрации)<br>УИК 201 – с.п. Малакановское, ул. Интернациональная, 1 (здание МКОУ СОШ)<br>УИК 202 – с.п. Красносельское, ул. Театральная (здание МКУК СДК)<br>УИК 203 – с.п. Красносельское, ул. Свободы, 2 (здание детского сада<br>УИК 204 – с.п. Ульяновское, ул. Школьная, 2 «а» (здание администрации)<br>УИК 205 – с.п.Ульяновское, ул. Центральная, 5 (здание МКОУ СОШ)<br>УИК 206 – с.п.Ульяновское, ул. Мира (здание МУЗ КДЦ)<br>УИК 224 – с.п. Пролетарское, ул. Ленина, 193 (здание МКУК ЦК «Русь» с. Пролетарского) |
| | 7.14.052 | ст. Солдатская, ул. Пилипенко, 56, тел. 8(8663) 15-02-40 | УИК 207 – с.п.Заречное, ул. Зелёная (здание МКУК КДЦ)<br>УИК 208 – ст. Солдатская, ул. Пилипенко, 40 (здание МКУК ЦКиД)<br>УИК 209 – ст. Солдатская, ул. Пилипенко, 56 (здание МКОУ СОШ им. П.П. Грицая)<br>УИК 210 – ст. Солдатская, ул. Зенковского, 7 (здание МКОУ СОШ им П.П. Грицая СПДО №4) |
| | 7.14.053 | с.п. Карагач, ул. Абубекирова, 100, тел. 8(8663) 15-12-14 | УИК 211 – с. Карагач, ул. Абубекирова, 100 (здание МКОУ СОШ №1)<br>УИК 212 – с. Карагач, ул. Абубекирова, 111 (здание МКУК КДЦ)<br>УИК 213 – с.п. Советское, ул. Угнич, 12 (здание ДК)<br>УИК 231 – с. Псыншоко, ул. Центральная, 34 (здание МКОУ СОШ) |
| | 7.14.054 | с. Алтуд, ул. Комсомольская, 11, тел. 8(8663)19-12-32 | УИК 214 – с.п. Благовещенка, ул. Ленина, 98 (здание МКУК КДЦ)<br>УИК 215 – с.п. Благовещенка, ул. Красноармейская, 29/1 (здание МКУК КДЦ)<br>УИК 216 – с. Алтуд, ул. Комсомольская, 11 (здание МКОУ СОШ №2)<br>УИК 217 – с. Алтуд, ул. Комсомольская, 60 (здание МКОУ СОШ №1)<br>УИК 218 – с.п. Черниговское, ул. Кравченко (здание МКУК КДЦ)<br>УИК 219 – с.п. Черниговское, ул. Садовая (здание МКУК Саратовский клуб с.п. Черниговское)<br>УИК 220 – с.п. Янтарное, ул. Ленина, 7 (здание МКУК КДЦ) |
| | 7.14.055 | с.п. Учебное, ул. Школьная, 1, тел. 8 (8663) 19-52-03 | УИК 221 – с.п. Янтарное, ул. Виноградная, 3 (здание детского сада)<br>УИК 222 – с.п.Учебное, ул. Школьная, 1 (здание ТСХТ)<br>УИК 223 – с.п.Учебное, ул. Ивановского, 5 (здание МКОУ СОШ)<br>УИК 253 – с.п.Учебное, ж/д ст. Шарданово, будка 1925 км (здание столовой ПМС №143) |
| | 7.14.056 | ст. Екатериноградская, ул. Ленина, 50 «а», тел. 8(8663) 17-81-64 | УИК 225 – ст. Екатериноградская, ул. Ленина, 50 «а» (задние МКУК ЦТК)<br>УИК 226 – ст. Приближная, пер. Кооперативный, 7 «а» (здание МКУК КДЦ) |
| | 7.14.057 | с.п. Прималкинское, ул. Кныш, 150, тел. 8(8663) 16-11-10 | УИК 227 – с.п. Прималкинское, ул. Кныш, 150 (здание МКОУ СОШ)<br>УИК 228 – с.п. Прималкинское, ул. Октябрьская, 206 (здание МКУК РЦТК терского казачества)<br>УИК 229 – с.п. Прималкинское, пер. Широкий, 34 (здание ДК)<br>УИК 230 – с.п. Ново-Полтавское, ул. Третьякова, 128 (здание МКУК КДЦ) |
| **г.о. Прохладный** | | | |
| | 7.14.058 | г.Прохладный, ул. Овчарова, 66/1, тел. 8(8663) 17-53-44 | УИК 245 – г.о. Прохладный, ул.Головко, 70 (здание 3-й дистанции гражданских сооружений)<br>УИК 246 – г.о. Прохладный, Привокзальная площадь, 1 (здание 15-й дистанции сигнализации и связи)<br>УИК 247 – г.о. Прохладный, ул.Вокзальная, 6 (здание МБОУ СОШ №102)<br>УИК 251– г.о. Прохладный, ул.Овчарова, 66/1 (здание МБОУ СОШ №1)<br>УИК 252 – г.о. Прохладный, ул.Дзержинского, 35 (здание МБОУ СОШ №11) |
| | 7.14.059 | г.Прохладный, ул. Комарова, 50 «а», тел. 8(8663) 17-39-57 | УИК 248 – г.о. Прохладный, ул.Боронтова, 275 (здание МБОУ «Межшкольный учебный комбинат»)<br>УИК 249 – г.о. Прохладный, ул.Комарова, 50 «а» (здание МБОУ «Гимназия №2»)<br>УИК 250 – г.о. Прохладный, ул.Боронтова, 99 (здание ЧОП «Капитал-инвест охрана») |

*(КIэухыр 5-нэ нап.).*

## 73 ИЗБИРАТЕЛЬНЫХ УЧАСТКА ОТКРОЮТСЯ 22 МАЯ В КБР

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 4-нэ нап.).*

| № п/п | № счётного участка | Центр счётного участка (адрес места нахождения), контактный телефон | Границы счётного участка (номера УИК) |
|---|---|---|---|
| **Прохладненский район** | | | |
| | 7.14.060 | г. Прохладный, пер. Гагарина, 16, тел. 8(86631)44268 | УИК 237 – г.о. Прохладный, пер. Агрономический, 11 (здание МУ управляющая компания «Прохладненский Водоканал»)<br>УИК 238 – г.о. Прохладный, ул. Свободы, 178 (здание МБОУ ДОД «Детская художественная школа»)<br>УИК 239 – г.о. Прохладный, пер. Гагарина, 16 (здание городского Дворца культуры)<br>УИК 240 – г.о. Прохладный, ул. Ленина, 102 (здание МБОУ СОШ №5)<br>УИК 241 – г.о. Прохладный, ул. Ленина, 76 (здание МБОУ «Гимназия №6»)<br>УИК 242 – г.о. Прохладный, пер. Нагорный, 4 «А» (здание МУП «Цветущий сад»)<br>УИК 243 – г.о. Прохладный, ул. Головко, 309 (здание МБОУ ДОД «Детская школа искусств»)<br>УИК 244 – г.о. Прохладный, ул. Ленина, 21 (здание МБОУ «Лицей №3») |
| | 7.14.061 | г. Прохладный, ул. Строительная, 272 «А», тел. 8(86631)22844 | УИК 233 – г.о. Прохладный, ул. Строительная, 284 (здание ДО №22 МБОУ СОШ №4)<br>УИК 234 – г.о. Прохладный, ул. Остапенко, 14 (здание ТОТУ «Роспотребнадзор»)<br>УИК 235 – г.о. Прохладный, ул. Строительная, 272 «А» (здание МБОУ СОШ №4)<br>УИК 236 – г.о. Прохладный, ул. Пролетарская, 220 (здание МБОУ ДОД СДЮСШОР) |
| **Терский район** | | | |
| | 7.14.062 | г.п. Терек, ул. Ленина, 49, тел. 8(86632)45534 | УИК 254 – г.п. Терек, ул. Карданова, 64 (административное здание МУП «Тереккоммунсервис»)<br>УИК 255 – г.п. Терек, ул. Ленина, 49 (здание МОУ ДОД «Детско-юношеский центр г.п. Терек»)<br>УИК 256 – г.п. Терек, Ленина, 14 (районный Дворец культуры) |
| | 7.14.063 | г.п.Терек, ул. Теунова, 2, тел. 8 (86632)41494 | УИК 257 – г.п. Терек, ул. Теунова, 2 (административное здание ОАО «Терский элеватор»)<br>УИК 258 – г.п. Терек, ул. Терская, 98 (здание МОУ ООШ №4 г.п. Терек)<br>УИК 259 – с.п. Интернациональное, ул. Парковая, 1 (здание администрации сельского поселения) |
| | 7.14.064 | с.п. Верхний Акбаш, ул. Ленина, 25. тел.8(86632)79169 | УИК 260 – с.п. Дейское, ул. Мальбахова, 149 (сельский Дом культуры)<br>УИК 261 – с.п. Плановское, ул. Гагарина, 2 (здание администрации сельского поселения)<br>УИК 262 – с.п. Белоглинское, ул. Пачева, 10 (здание администрации сельского поселения)<br>УИК 263 – с.п. Верхний Акбаш, ул. Ленина, 25 (сельский Дом культуры)<br>УИК 264 – с.п. Верхний Акбаш, ул. Гоголя, 1 (бывшее здание МОУ ООШ села Заводское)<br>УИК 265 – с.п. Тамбовское, ул. Дружбы, 166 (сельский Дом культуры)<br>УИК 266 – с.п. Верхний Курп, ул. Ашхотова, 54 (сельский Дом культуры)<br>УИК 267 – с.п. Инаркой, ул. Дышекова, 10 (здание администрации сельского поселения)<br>УИК 268 – с.п. Нижний Курп, ул. Ногмова, 2 (сельский Дом культуры)<br>УИК 97 – с.п. Дейское, ул. Мальбахова, 149 (сельский Дом культуры) |
| | 7.14.065 | с.п. Урожайное, ул. Ленина, б/н, тел. 8(86632)95330 | УИК 269 – с.п. Арик, ул. Дружбы, 18 (сельский Дом культуры)<br>УИК 270 – с.п. Красноармейское, ул. Центральная, 45 (здание администрации сельского поселения)<br>УИК 271 – с.п. Джулат, ул. Сибилова, 1 (административное здание ФГУ УЭММК)<br>УИК 272 – с.п. Новая Балкария, ул. Центральная, 24 (сельский Дом культуры)<br>УИК 273 – с.п. Урожайное, ул. Ленина, 55 (сельский Дом культуры)<br>УИК 274 – с.п. Терекское, ул. Ленина, 1 (сельский Дом культуры)<br>УИК 275 – с.п. Хамидие, ул. Кудаева, 54 «Б» (сельский Дом культуры)<br>УИК 276 – с.п. Ново-Хамидие, пер. Матросова, 10 «А» (сельский Дом культуры) |
| **Черекский район** | | | |
| | 7.14.066 | г.п. Кашхатау, ул. К.Б. Мечиева, 143, тел. 8(86636)41537 | УИК 318 – с.п. Герпегеж, ул. Бозиева, 2 (здание КМОУ СОШ им. А.Т. Кучмезова)<br>УИК 325 – с.п. Верхняя Балкария, ул. Таулуева, 93 (здание «СОШ №1 с. Верхняя Балкария»)<br>УИК 326 – с.п. Верхняя Балкария, ул. Таулуева, 110 (здание «СОШ №2 с. В. Балкария»)<br>УИК 327 – с.п. Верхняя Балкария, ул. Асанова, 41 (здание «СОШ №1 с. В. Балкария»)<br>УИК 328 – с.п. Верхняя Балкария, ул. Настуева, 25 (здание «СОШ №1 с. В. Балкария»)<br>УИК 332 – г.п. Кашхатау, ул. К.Б. Мечиева, 193 (здание МУП «Черекский РПК»)<br>УИК 333 – г. п. Кашхатау, ул. К.Б. Мечиева, 143 (здание районного Дома культуры, РДК)<br>УИК 334 – г.п. Кашхатау, ул. К.Б. Мечиева, 1 (здание МОООГО ДОСААФ России Черекского муниципального района КБР) |
| | 7.14.067 | с.п. Аушигер, пер. Кушхова, 7, тел. 8(86636)68247 | УИК 319 – с.п. Аушигер, ул. Бицуева, 120 (здание сельского Дома культуры)<br>УИК 320 – с.п. Аушигер, ул. Кушхова, 7 (здание МОУ «СОШ им. Братьев Кардановых») |
| | 7.14.068 | с.п. Бабугент, ул. Школьная, 31, тел. 8(86636)74247 | УИК 329 – с.п. Безенги, ул. Османова Э.Х., 69 (здание сельского Дома культуры)<br>УИК 330 – с.п. Кара-Суу, ул. Школьная, 21 (здание «СОШ с. Кара-Суу»)<br>УИК 331 – с.п. Бабугент, ул. Школьная, 31 (здание сельского Дома культуры) |
| | 7.14.069 | с.п. Жемтала, ул. Ленина, 93, тел. 8(86636)73360 | УИК 321 – с.п. Зарагиж, ул. Ленина, 76 «А» (здание МОУ «СОШ с. Зарагиж»)<br>УИК 324 – с.п. Верхняя Жемтала, ул. Настуева, 80 (административное здание местной администрации с.п. В. Жемтала) |
| **Эльбрусский район** | | | |
| | 7.14.070 | с.п. Кёнделен, ул. Ленина, 294 «Г», тел. 8(86638)73521 | УИК 335 – с.п. Кёнделен, ул. 800 – Погибших, 7 (здание МОУ СОШ №2)<br>УИК 336 – с.п. Кёнделен, ул. Энеева, 78 (здание МОУ СОШ №3)<br>УИК 340 – с.п. Бедык, ул. Байсултанова, 18 (МОУ СОШ) |
| | 7.14.071 | г.п. Тырныауз, п-кт Эльбрусский, 24, тел.: 8(8663)843183, 8(86638)43908 | УИК 341 – с.п. Былым, ул. Ахматова, 57 (здание МОУ «СОШ» им. А.М. Ахматова)<br>УИК 342 – г.п. Тырныауз, ул. Автогаражная, 2 (здание ООО «ЭДУ»)<br>УИК 343 – г.п. Тырныауз, пр. Эльбрусский, 24 (здание МОУ «Прогимназия №4»)<br>УИК 344 – г.п. Тырныауз, ул. Мичурина, 1 «А» (здание МОУ СОШ №3 д/с №10), правое крыло здания<br>УИК 345 – г.п. Тырныауз, ул. Мичурина 1 «А» (здание МОУ СОШ №3 д/с №10), левое крыло здания |
| | 7.14.072 | г.п. Тырныауз, п-кт Эльбрусский, 21, тел.: 8(86638)45727, 8(86638)47162 | УИК 346 – г.п. Тырныауз, ул. Гызыева, 5 (здание Эльбрусского регионального колледжа)<br>УИК 347 – г.п. Тырныауз, пр. Эльбрусский, 21 (здание Дворца культуры)<br>УИК 348 – г.п. Тырныауз, ул. Мизиева, 5 (здание редакции газеты «Эльбрусские новости»)<br>УИК 349 – г.п. Тырныауз, ул. Энеева, 29 (здание МОУ Лицей №1)<br>УИК 350 – г.п. Тырныауз, ул. Баксанская, 15 (здание МОУ «Гимназия №5)<br>УИК 351 – г.п. Тырныауз, пр. Эльбрусский, 89 (здание спорткомплекса «Геолог») |
| | 7.14.073 | с.п. Эльбрус, здание Дома культуры, тел.: 8(86638)78186, 8(86638)78670 | УИК 352 – с.п. Верхний Баксан, ул. Школьная, 2 (МОУ СОШ)<br>УИК 353 – п. Эльбрус (здание МОУ СОШ п. Нейтрино)<br>УИК 354 – п. Эльбрус (здание Дома культуры)<br>УИК 355 – п. Эльбрус (Обособленное подразделение ФАУ МОРФ ЦСКА «Терскол») |

# ЕплIанэ къыдэкIыгъуэр

● ЩIэ

**Журналыр къызэIуех «Редакторым и псалъэ» тхыгъэмкIэ. Ар топсэлъыхь мэлыжьыхь мазэр махуэшхуэхэмкIэ зэрыкъулейм икIи абыхэм ящыщу плIы къыхегъэщхьэхукI: мэлыжьыхьым 1-р Бзухэм хухаха махуэшхуэщ; ГушыIэм и махуэщ; мэлыжьыхьым и 2-р Сабий тхыгъэм хухаха махуэщ; мэлыжьыхьым и 15-р Щэнхабзэм и махуэщ.**

САБИЙ тхыгъэм и махуэм ехьэлIауэ журналым тридзащ Толстой Лев итха «Пщымрэ джанэмрэ» таурыхъыр. Ар нэхъапэм зэи адыгэбзэкIэ къыдэкIакъым. Журналым тетыр зэзыдзэкIар ХьэцIыкIу Раминэщ.

АдэкIэ фыкъыщеджэнщ Дарий Хужь и тхыгъэм, «Мэдэ усакIуэ зэрыхъуар» жыхуиIэм.

КъыкIэлъыкIуэ напэкIуэцIхэм Хьэту Пётр усэбзэкIэ щывигъэцIыхунщ къуалэбзухэм ящыщ зыбжанэ.

Къармэ Iэсият итха «Бзииху фо» таурыхъым къыщыIуэтэжащ и ныбжьэгъу сымаджэм хущхъуэгъуэ хуэхъуну бзииху фо къыхуихьыну мэзым кIуа ЦIыкIураш жыгей Дотэ зэрыхуэзар икIи абы и фIыгъэкIэ фор къызэригъуэтар, апхуэдэуи абдеж Дотэ щIалэ цIыкIум къыжриIэжащ жыгеймрэ бзиихумрэ дунейм къызэрытехутам теухуа таурыхъыр. Мы тхыгъэм и кIэухым мыпхуэдэуи кIэщIэтхэжащ: «Дунейм бзииху тетым я нэхъыжь дыдэр щокI Словение къэралым. А жыгым и ныбжьыр илъэс 850-рэ мэхъу. Жыг дакъэм метрий и гъумагъщ. Иджыри къыздэсым мэгъагъэ ар».

Адыгэ куэд хамэ къэралхэм щыIэщ. Абыхэм ящыщщ Тыркум ис Жу Озан. Ар Къайсэр къалэм щопсэу. Илъэсих фIэкIа зи мыныбжь Озан и талантышхуэм, ар Iэзэу пшынэ зэреуэм, пасэрей адыгэхэм я пшыналъэхэр и пшынэм дахэ дыдэу къызэрыригъэкIым, щIалэ цIыкIум ахэр щызэхихам, щызригъэщIам теухуауэ Пащты Мадинэ итхыжа «Жу Озан» тхыгъэр тетщ журналым.

АдэкIэ фыкъыщеджэнщ Аброкъуэ Беллэ и усэ «Адыгэбзэм и пшыналъэ» жыхуиIэм.

«Апрелым и 1-р ГушыIэм и махуэщ» псалъащхьэм щIэту традзащ цIыкIухэм я гушыIэхэу Шэрджэс Дэбагъуэ зэхуихьэсахэр.

АдэкIэ къыщывгъуэтынщ «Хэт нэхъыфIу имытхрэ?» псалъащхьэм щIэт псалъэзэблэдзыр.

КъыкIэлъыкIуэ напэкIуэцIхэм сурэтхэмкIэ щIауэ ярытщ «Улъэщ-улъэщ?» таурыхъыр.

Журналым и иужьрей напэкIуэцIым щыфлъагъунщ адыгэ ныбжьыщIэхэм я сурэтхэр.




**АБЗУАН Пщымахуэ.**

● Гъуэгу къежьапIэ

# Студент пашэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ «Студент пашэ-2016» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр. АбыкIэ хъыбар къыдигъэщIащ КъБКъУ-м и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ Ажий Заринэ.**

Зэпеуэм хэта цIыхуиблым унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ я щIэныгъэр къагъэлъэгъуащ: утыку итынымкIэ, Урысей Федерацэм и хабзэхэм зэрыхащIыкIымкIэ, гупхэр щIызэныкъуэкъу Iуэхухэр тэмэму зэфIэхынымкIэ, щытыкIэ гугъу ихуам и Iуэхур нэхъ псынщIэу зэтегъэувэжынымкIэ, нэгъуэщIхэмкIи.

КъэпщытакIуэ гупым хэтахэм къызэралъытамкIэ, зэпеуэ псоми япэ увыпIэр къыщихьащ политехникэ институтым и студент Куп Къантемыр.

**ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.**



Куп Къантемыр



# Хьэпсым исхэм я упщIэхэр

**Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм тезырхэр щагъэзэкIуэж и колоние №3-м щыIащ КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Уэтэр Хъызыррэ Iимам Атмурзаев Абдулларэ.**

ДУМ-м и лIыкIуэхэр тезырыр щапшыныж IуэхущIапIэхэм макIуэ муслъымэнхэр ислъам диным щагъэгъуэзэн, ялэжьам хущIрагъэгъуэжын, дунейм дахэу тетыным хуаущиин папщIэ. ХьэщIэхэм жэуап иратащ хьэпсым исхэм я упщIэхэм.

Къыхэдгъэщынщи, тхьэ елъэIупIэ пэшхэр щыIэщ республикэм тезырхэр щапшыныж и IуэхущIапIэ псоми.

**ЗЭБАР Мадинэ,**
*КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*



**МэшбащIэ Исхьэкъ дуней псом щыцIэрыIуэ тхакIуэ щэджащэщ, абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ адыгэхэм я тхыдэр, я дунейр, я хабзэхэр, я псэукIэр купщIэ зыхуэхъуа роман телъыджэхэр, ахэр бзэ куэдкIэ зэдзэкIауэ нэгъуэщI къэралхэми къыщыдэкIащ.**

**Иджыблагъэ дунейм къытехьащ Исхьэкъ и романыщIэ - «Хэхэсхэр». Кавказ зауэм и ужькIэ хэкур зрагъэбгына адыгэхэм я щхьэм кърикIуа гукъутэгъуэрщ ар зытеухуар. Щыгъуазэ фыдощI а романым щыщ пычыгъуэ зыбжанэм.**

**МэшбащIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэр 1931 гъэм Краснодар крайм щыщ Уарп жылэм къыщалъхуащ. Адыгейм и пединститутым щеджащ. Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институтыр къиухащ.**

**МэшбащIэ Исхьэкъ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ. ТхакIуэм и гуащIэм къыпэкIуащ дамыгъэ лъапIэ куэд, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэр кърatащ, «За заслуги перед Отечеством» орденым и 2-нэ, 3-нэ, 4-нэ нагъыщэхэр къыхуагъэфэщащ.**

**Исхьэкъ зи къару илъыгъуэ тхакIуэщ, лэжьакIуэшхуэщ, Мейкъуапэ къыщыдэкI «Зэкъуэшыныгъэ» журналым и редактор нэхъыщхьэщ.**

**МэшбащIэ Исхьэкъ ирогушхуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэм.**

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

# ХЭХЭСХЭР

Романым щыщ пычыгъуэхэр

* * *

1864 ГЪЭМ и шыщхьэуIу мазэщ.

Я щхьэр щIахьауэ хым зэпрокI цIыхухэр. Хым гъуни нэзи имыIэущ абыхэм къазэрыщыхъур. Кхъухьым исхэм дыгъэ гуащIэр ящхьэщытщ, Iэдакъэжьауэ ящIми, къаIэщIэлъагъуэIаркъым. ЦIыхум я нэхъыбэр бзылъхугъэщ, лIыжь-фызыжьщ, сабийщ.

Дыгъэр етIысэхауэ, къаIэщIэлъагъуэ хъуащ бгыщхьэ закъуэтIакъуэ - Тыркум нэблэгъащ.

Кхъухь натIэхэм еувэлIа цIыхухъухэр псалъэмакъыншэщ. Нэгум щIэлъар лъэгум кIуащ. Я хэкур яIэщIэкIащ, хамэм и хэкущ къапэплъэр. «Ялыхь, гущIэгъу къытхуэщI...» Тхьэ елъэIун фIэкI, нэгъуэщI сыт къахуэнэжар?

ЦIыхухъухэм захигъэзэрыхьри, зы хъыджэбз цIыкIу кхъуафэ натIэм еувэлIащ. Хытхьэрыкъуэхэр къажьэхолъатэ, якIэлъыпхъуэ щхьэкIэ, хъыджэбз цIыкIум зыкъыIэрагъэхьэркъым.

- Дибгхэм ещхькъэ, нанэ? Плъэт! - и анэшхуэм бгъэдолъэдэж Дарихъан.

- Дибгхэм ещхь дэнэ къипхын? - и нэхэр щIелъэщIыкI нанэм. - Алыхьырщ, Алыхьым нэмыщI, дызыщыгугъын диIэкъым, - нэмэз щыгъэр егъажэ Саудэт, хы Iуфэмкiэ плъэурэ.

- ЛаIилахьэ Iилэлахь... - къоIу цIыхухъу макъ. Абы къыподжэж кхъухь натIэм бгъэдэт адрей цIыхухъухэр. Тхьэм къихъумащ, хыр зэпаупщIри Тыркум нэсащ. ФIыгъуэ къащыпэплъэрэ хамэ щIыналъэм? «Жылэр зэрыхъу дыхъунщ» - аращ псоми я гур зэрагъэфIыр.

Ачкъалэ нэблэгъауэ, кхъухьыр къэувыIащ. Кхъухь натIэм еувэлIауэ щызэхэт цIыхухъухэм ящыщ зым, Багъ Мэсхьэб, зыкъыщригъэзэкIым гу лъитащ нанэм и щхьэр къызэрыфIэхуам.

- Дарихъан, нанэ и щхьэр унэзагъэнщ, еплъыт! - жиIащ Мэсхьэб.

- Нанэ! - хъыджэбз цIыкIур фызыжьым бгъэдэлъэдащ. - Нанэ!

Мэсхьэб и лъэр щIэхуащ: и анэр щыIэжкъым. Дарихъан зыхуэIыгъыжыркъым - магъ, и нэпсыр къыщIолъэлъ.

- Емынэра мыбы дыкъэзыхуар! ДывгъэкIуэж! Ди хэкум дывгъэкIуэж!

- ДыздэкIуэжын диIатэмэ...

- Дэнэ мыгъуэ дыздэкIуэжынур? Фымыдзыхэ, Алыхьым дыкъихъумэнщ. Дгъэзэжынт, здэдгъэзэжын диIатэмэ, - жиIащ Куэблэ ЧэрмытI. - Гугъуехьым ирищIыкIым дащыщкъым дэ. Фи гур вгъэфI.

- Сэрэ си хъыджэбз цIыкIумрэщ ди лъэпкъым щыщу псэууэ къэнэжар, - жиIащ Мэсхьэб. - Кхъухьым дикIмэ, дунейм ехыжахэр щIэтлъхьэнщ - я ахърэтыр нэху ухъу. Хьэрун, кIуэт къащIэт: сыт кхъухьыр къыщIэувыIар?

- Дяпэ итахэм я Iуэхур зэфIэкIыху дапэплъэн хуейщ, - жиIащ ЧэрмытI и къуэ Хьэрун.

Дарихъан и нэпсыр щIилъэщIыкI зэпытщ, зыри къыфIэIуэхужыркъым, псалъэмакъми хыхьэркъым.

Хы Iуфэм есылIэри, кхъухьыр къэувыIащ.

- Ди чэзур къэса хуэдэщ, - жиIащ Мэсхьэб. - Иджыпсту дикIынущ кхъухьым.

- Нанэ-щэ? - мэгъынанэ хъыджэбз цIыкIур. - Нанэ къиднэ хъунукъым.

- Нани здитхынщ, - жиIащ Мэсхьэб. - Къиднэнукъым.

Мэсхьэб и нэгу къыщIыхьэжащ кхъухьым къызэритIысхьар. ЦIыхур Iувт, лъэ теувапIэ бгъуэтыртэкъым, я ужь къинэм и махуэ мыгъуэт. Зэрызохьэ псори, хэт магъ, хэт и сабийм йоджэ - кхъухьым къыкIэрыху хъунукъым.

Кхъухьым икIхэм къаIуощIэ япэ ищахэр - я лъэпкъэгъухэр.

- Емынэра мыбы фыкъэзыхуар? - къахуэгубжьи къыхокI япэ ищахэм. - Тыркум дыщытхъэ фи гугъэрэ?

Я бгым нэс псым хэту, нэхъ лъэрызехьэхэм лIыжь-фызыжьхэр, сабийхэр, сымаджэхэр кхъухьым ирах. Хьэдэхэр зэрырахыр хы Iуфэм Iут тырку аскэрхэм ирагъэлъагъу хъунукъым: зи псэ хэкIым и хьэдэр хым хэдзэн хуейуэ унафэ къыхуащIат Сошэ деж кхъухьым къыщрагуэм.

Сошэ деж щэрэ тIощIрэ ирэ къыщитIысхьащ кхъухьым. Тыркум псэууэ нэсар бгъущIрэ хырэщ. Псэууэ нэсахэр Ачкъалэ деж щрагъэтIысыкIащ кхъухьым. Къалэм дагъэхьакъым, яцIэлэнкIэ шынэри. Чыцэ цIырхъым хагъэтIысхьащ. Я пIэ изэгъащ хуэмхуэмурэ. Щыпсэун гуэрхэр зэтрауфащ - щхьэж зэрыхузэфIэкIкIэ.

Япэ ищахэм ящыщ зы, Берычэт Зэуал, къахыхьащи, и лъэпкъэгъухэм я гур фIы зэрахуищIынщ зыпылъыр:

- Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэркъым. Фымыгужьей. Алыхьым фыкъихъумэнщ. Мазэ хъуауэ аращ дэри дыкъызэрысрэ. Дигу къихьэжа щIыкIэкъым иджыри.

- Тхьэразэ къыфхухъу: фыкъытпежьащ, нэмыплъ къыдэфтакъым, - Мэсхьэб фIыщIэ хуищIащ Берычэт Зэуал.

* * *

МАЗЭ хуэдэ дэкIри, чыцэ гуэрэнхэр зэрыт уэхым щетIысэхахэм я гур къихьэжа хуэдэт. Я гур къихьэжауэ къыпфIэщIынуми, я псэр пыIэртэкъым: махуэ къэс зы хьэдэ щIалъхьэрт, гъуэмылэ къезыхьэжьами къыIэщIэухат. Тыркухэм уащIыщыгугъын щыIэтэкъым: ерыскъы гуэрхэр къыхуадзри лъэныкъуэ зрагъэзыжащ - «фи щхьэ зэрыхьщ...» Уэлбанэ кIыхь къатехьуащи, аращ нэхъ къайхьэлъэкIыр псоми. КъайхьэлъэкI щхьэкIэ, икIуэтыжынукъым - хасэр зэхыхьэнущи, поплъэ.

Багъ Мэсхьэб мухъутарым, Куэблэ Хьэрун, зыхуригъэзэкIащ:

- ЦIыхур къытпоплъэ: хасэр ублэ, Хьэрун.

Куэблэмрэ Наурызымрэ гъусэ ищIри, Хьэрун цIыхум я пащхьэ иуващ.

- Дэ щыр Трабзон дыщыIащ. Ар зигу къэкIар Багъ Мэсхьэбщ, - жиIащ Хьэрун. - Уэращ псалъэр япэ зылъысыр, Мэсхьэб. Псалъэ яжеIэ цIыхум.

- Жылэм я мухъутарыр уэращ, Хьэрун. Уэрат псалъэ жызыIэн хуейр. Сэ къыщыслъыбгъэсакIэ, жысIэнщ. Тхьэразэ къыпхухъу. Ачкъалэ къызэрыщытIущIам хуэдэкъым дыздэщыIар - дигу ягъэзэгъауэ къытфIэщIащ.

Мэсхьэб и псалъэр зэпаудащ:

- СыткIэ фыкъызэрагъэгугъар? Ар къыджеIэ - аращ дызыхуейр!

- КъызэрыджаIамкIэ, мы щIыпIэ къуейщIейм драгъэсынукъым, дагъэIэпхъуэн мурад яIэщ.

- Дэнэ дыздагъэIэпхъуэнур? Дапщэщ?

- А псом щыгъуазэ дащIакъым, - къыщIигъуащ Мэсхьэб. - Трабзон лIыщхьэм къызэрыджиIамкIэ, мы дыщетIысэха щIыпIэм нэхърэ нэхъ щIыпIэ зэгъщ.

- Ди лIахэр мыбдеж щыщIэтлъхьэжащ. Ди лIахэм япэIэщIэ дымыхъумэ, нэхъыфIкъэ? Ар нэхъ сфIэзахуэщ, - къахэпсэлъыкIащ гупым зылI.

- Ди хэкум къиднакъэ лIахэм я кхъэмащэ? Ди лIахэм я кхъэмащэ Iэджэ къызэднэкIакъэ, ди щIыб яхуэдгъазэри мыбы дыкъызэрыхьакъэ? - къахидзащ Брант Хьэтам.

НэгъуэщI зыми жиIащ:

- Дэни дрегъэIэпхъуэ, мыбдей дыщымыпсэу закъуэмэ! ЩIыри щIыфIкъым, псыри аращ. Гъуамэжьыпсщ! Ди псынэхэм япэхъун?

- ЩIы щымащIэкъым хы Iуфэм.

- Дунейр зэтес хъужмэ, ди хэкум дгъэзэжынщ. Хы Iуфэм дыIуамышмэ, ди хэкур нэхъ тпэблагъэщ, нэхъ щIэх дынэсыжынущ.

- ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, - псалъэ кIапэр иубыдыжащ Багъым. - ДыздагъэIэпхъуэнум и пэжыпIэр сщIэркъым. Я псалъэм зэрэ-тIэурэ къыхэхуащ: Балъкъан. КхъухькIэ дашэнущ.

- Кхъухьым драгъэтIысхьэмэ, ди хэкум дашэжынкIи мэхъу...

- Хьэуэ, дыздашэнур Бэлгъарырщ, - жиIащ Куэблэ Хьэрун. - ГъуэгупщIэ дагъэтынукъым, гъуэмылэкIи къытхуэбэлэрыгъынукъым. Аращ дэ Iуэхум хэтщIыкIыр.

* * *

Адыгэхэр Iэпхъуэн хуей хъуащ аргуэрым, я пIэ ирагъэзэгъакъым, зы щIыпIэ щрагъэтIысэхати. Тыркум щыIэпхъуэм кхъухьхэр къайзэвэкIырти, иджы гупитI иращIыкIащ. Тырку кхъухьитI хы Iуфэм къыуkIри ВарнэкIэ яунэтIащ. ГупитI иращIыкIами, зыгъэIэпхъуэхэм фIыщIэ хуащIакъым адыгэхэм. Арат тыркухэр зыпэплъэр: «ФIыщIэ къытхуащIынщ шэрджэсхэм, кхъухь Iэхуитлъэхуит идгъэтIысхьащи...» Сыт къапэплъэр - арат я щхьэм имыкIыр: дэнэ щащIэн къапэплъэр? ТыншыпIэ яшэрэ, унэ, лъапсэ щагъуэтыну? Дапщэщ я хэкум щагъэзэжынур? - ар зыми ищIэркъым. Тхьэмадэхэм ящIэркъым Бэлгъарыр дэнэ лъэныкъуэми, сыт хуэдэ псэукIэ щагъуэтынкIэ хъунуми.

ФIым щагъэгугъ щхьэкIэ, цIыхум я гур загъэркъым. ЦIыхубзхэм я нэпсхэр щIалъэщIыкI. ЗдрагъэтIысэха щIыпIэ къуейщIейм щыщIалъхьэжащ я лIахэр - абыхэм я кхъащхьэхэри къызэранэкI иджы.

Гъэмахуэ кIэ мазэщ, дыгъэвэхым зэтриукIэжыркъыми, ари Тхьэм и фIыщIэщ. Хы гущIыIум жьы къабзэ мащIэ щызоуэ. Дарихъанрэ Хьэжрэтрэ зэбгъэдэсщ. Дарихъан нэхърэ илъэситIкIэ нэхъыщIэщ Хьэжрэт. Я Iыхьлыхэр дунейм щехыжым, ахэр Багъ Мэсхьэб зришэлIэжащ, и нэIэ ятригъэкIыркъым. Абыхэм ябгъукIэ къыщысщ Хьэтам, уанэм йолIалIэри. Абы хуеплъэкIыурэ, Хьэжрэт подыхьэшхыкI.

- Умыдыхьэшх, - жиIащ Дарихъан. - Уанэр Хьэтам и адэм къыхуигъэнащ.

- Ар пэжщ, - жиIащ Хьэтам. - Мы уанэр си адэм и шым телъащ. Иджы сэ зызохьэ. Дыздашэм къыщысщхьэпэжынкIэ согугъэ - шы згъуэтынкъэ! Ди адэм и шыр кхъухькIэ къесшэжьэн къысхуадакъым. Тхьэм ещIэ ди шыр зыIэрыхьар - къэзакъ гуэрым кърихуэкIрэ иджы?.. Ди хэкум и Iуэху зытет тщIащэрэт. Хэт къытхуихьын ди хэкум и хъыбар?

- Кхъухьыпщым девгъэпсалъэ: дыгурыIуэмэ, ди хэкум дишэжынкIэ мэхъу.

- Ар щхьэгъэпцIэжщ. Дыздашэр зэрыдмыщIэрщ сигу къеуэр: жыжьэ, гъунэгъу?

- Кхъухьыпщым зэрыжиIэмкIэ, хым махуищрэ жэщищкIэ дытетынущ, - жиIащ Хьэтам. - Ари борэн къэмыхъумэ. Хыр къэукъубеймэ, нэхъыбэкIи дытетынкIэ мэхъу.

- Дыздашэр сыт хуэдэ езыр? Хэт щыпсэур?

- Урысхэм я лъэпкъэгъущ, зэрызэхэсхамкIэ.

- Урысхэм я лъэпкъэгъуми, Бэлгъарыр тыркум IэщIэлъщ.

- Дуней псор яIэщIэлъи мы тыркухэм. Апхуэдиз къару дэнэ къыздрахар?

- Тыркур къэралышхуэщ. Гъуни нэзи иIэкъым жыхуаIэм хуэдэщ. Сэ сымыщIэр абы дыщIашэращ. Драгъэзэуэн щхьэкIэ?

- Я лъэпкъэгъухэр къыдэзауэри ди хэкум дыкърахуащ. Ди хэкур дагъэбгынэху ди ужь икIакъым. КъыдащIар етщIэжынщ езыхэм я лъэпкъэгъухэм...

- Уи жьэм хуэсакъ, - къыпэрыуащ щIалэ цIыкIум Хьэтам.

Ещанэ махуэм бгы, къурш къаIэщIэлъэгъуащ. Абы щыгуфIыкIащ кхъухьым исхэр - кхъухь натIэм ежэлIащ псори.

*(КъыкIэлъыкIуэнущ).*

# Жаншэрхъ

## Гъуащхьэхъумэхэм я тепщэныгъэ

• Футбол



*«Спартак-Налшык» (Налшык) - «IэфIыпс» (IэфIыпс) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 17-м. ЦIыху 1500-рэ еплъащ.*

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Тебэрды, Мурачёв, Дашаев, Соблыр, ДзыхьмыщI (Войнов, 53), Гъурф, Балъкъэр, (Багъэтыр, 56), Ахриев (Кузнецов, 82), Бажэ, Гугуев (ЛIуп, 65).

«**IэфIыпс**»: Швагирев, Лезгинцев, Хибабэ, Юдин, Елисеев (Ещенкэ, 69), Черкасов, Правилэ, Петрук, Ваниев, Когоние (Бабенкэ, 30; Крылов, 60; Андреев, 89), Жилин (Слюсар, 75).

**Дагъуэ къыхуащIащ** Гугуевым, Гъурфым, Войновым, Ваниевым, Юдиным.

**Джэгум къыхахуащ** Ваниевыр.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2015/2016 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм я къалэнхэр щIыхь пылъу щагъэзэщIауэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр IущIащ Краснодар крайм хыхьэ IэфIыпс жылагъуэм къикIа командэм щыдэджэгуа махуэм. Къэнэжа зэIущIищым зыкIи емылъытауэ ди щIалэхэм япэ увыпIэр зыIэрагъэхьат икIи абы къыдэкIуэу ищхьэкIэ дэкIуэтеину Iэмал ягъуэтат. Апхуэдэхэм деж зыри къызэрымыкIыж джэгугъуэхэм зыхуэбгъэхьэзырыну икIи уи къару уемыблэжу ухэтыну гугъущ. Тыншу щытауэ пхужыIэнукъым налшыкдэсхэм я Iуэхухэри.

Абы щыгъуэми «Спартак-Налшыкым» «IэфIыпсым» дригъэкIуэкI зэIущIэм хьэлэмэтагъ къыхэбгъуэтэфынут. Япэрауэ, IэфIыпсдэсхэм я закъуэщ 2015/2016 гъэхэм екIуэкI зэхьэзэхуэм ди щIалэхэр къыхэзыгъэщIэфар. ЗэрыфщIэжщи, нэгъабэ, жэпуэгъуэм и 4-м ахэр Краснодар крайм щыщызэIущIам, зы дакъикъэм къриубыдэу судьям пенальтитI зэкIэлъхьэужьу ди гъуэм къригъауэри, хэгъэрейхэр 1:0-у къыттригъэкIуауэ щытащ икIи къаугъэшхуэ абы къикIат. Иджы налшыкдэсхэм «ялъ ящIэжыну» хуитт. ЕтIуанэрауэ, мы зэIущIэм иужькIэ махуитI дэкIмэ, «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Биджий Хьэсэнбий и ныбжьыр илъэс 50 ирикъунути, командэр хуэфэщэну ехъуэхъун папщIэ текIуэн хуейт. А Iуэхугъуитым языхэзыр ирикъунут джэгур къризэщIэбгъэплъэну.

Хэгъэрейхэм зэIущIэр тегушхуауэ къыщIадзащ. Япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ ахэр хущIэкъуащ хьэщIэхэр къарукIэ ирагъэкIуэтыну. АрщхьэкIэ абы къикIыща щыIэкъым. Iэзагъэр къагъэсэбэпыну яужь ихьа иужькIэщ ди футболистхэм «IэфIыпсыр» ягъэгузавэ щыхъуар. 28-нэ дакъикъэм щыщIэдзауэ 32-м нэсыхукIэ «Спартак-Налшыкым» Iэмал гъуэзэджэ зыбжанэ иIащ бжыгъэр къызэIуихыну. ЯпэщIыкIэ ДзыхьмыщI Марат ираудa иужькIэ Бажэ Амир зэуа топыр гъуэм и пкъом техуащ. КъыкIэлъыкIуэу ди командэм и капитаным зымащIэ дыдэ хурикъуэжакъым зи пашэ гупыр япэ иригъэщыным.

ХьэщIэхэм а дакъикъэхэм дагъуэншэу захъумэжащ икIи, мыгувэу къэдзыхэну къытщыхъуами, джэгур иухыхукIэ зы щыуагъи яIэщIэкIакъым. Арати, бжыгъэр къызэIуамыхауэ зэIущIэр зэфIэкIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ япэ къекIуэкIыгъуэм кърахщIам папщIэ «Спартак-Налшыкым» «IэфIыпсым» игу тригъэзэгъэжыфакъым, я тренер нэхъыщхьэ Биджий Хьэсэнбий и юбилейми ирихьэлIэу екIуу ехъуэхъуфакъым. АрщхьэкIэ ахэр апхуэдизу узыгъэпIейтеин Iуэхугъуэкъым. Псом ящхьэр я текIуэныгъэкIэ мыгъэрей зэхьэзэхуэр къызэрырахьэлIарщ.

КъищынэмыщIауэ, хуабжьу хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ: Европэм зы профессионал футбол команди щыIэкъым «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэхэм къайхъулIар яхузэфIэкIауэ. Иджыри къэс ирагъэкIуэкIа джэгугъуэ 24-м абыхэм къыщыхудагъэкIар топи 6 къудейщ! Ику иту джэгугъуиплI къэс зы топ закъуэ! Ар хуабжьу узэрыгушхуэнщ.

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ гъубж кIуам зэхэта джэгугъуэм крикIуа бжыгъэхэм: «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **2:0**, **МИТОС** (Новочеркасск) - «**Краснодар-2**» (Краснодар) - **1:5**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Тэрч-2**» (Грознэ) - **1:0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **2:3**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Алания**» (Владикавказ) - **3:1**. «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) зэIущIэр нэхъ иужьыIуэкIэ зэхэтащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр накъыгъэм и 24-м екIуэкIынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Грознэ къалэм щыпэщIэтынущ «Тэрч-2» командэм.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Спартак-Налшык»** | **24** | **18** | **5** | **1** | **37-6** | **57** |
| 2. «IэфIыпс» | 24 | 14 | 4 | 6 | 32-24 | 46 |
| 3. «Краснодар-2» | 24 | 13 | 5 | 6 | 49-25 | 44 |
| 4. «Черноморец» | 24 | 13 | 5 | 6 | 33-21 | 44 |
| 5. СКА | 24 | 10 | 5 | 9 | 29-22 | 35 |
| 6. «Ангушт» | 23 | 9 | 7 | 7 | 20-17 | 34 |
| 7. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 24 | 9 | 5 | 10 | 24-30 | 32 |
| 8. «Динамо-Ставрополь» | 24 | 8 | 8 | 8 | 28-26 | 31 |
| 9. «Тэрч-2» | 24 | 7 | 7 | 10 | 31-28 | 28 |
| 10. «Биолог-Новокубанск» | 23 | 6 | 6 | 11 | 19-32 | 24 |
| 11. МИТОС | 24 | 6 | 5 | 13 | 28-44 | 23 |
| 12. «Астрахань» | 24 | 5 | 6 | 13 | 23-41 | 21 |
| 13. «Дружба» | 24 | 5 | 5 | 14 | 22-40 | 20 |
| **14. «Алания»** | **24** | **4** | **8** | **12** | **17-36** | **20** |

• ДифI догъэлъапIэ

# Кучинэ Марие орден къыхуагъэфащэ

**Иджырей зэманым атлетикэ псынщIэмкIэ къыпэхъун щыIэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменкэ, дуней псоми Европэми тIэунейрэ я чемпионкэ Кучинэ Марие.**




НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ я Олимп джэгухэм, 2010 гъэм екIуэкIам, щытекIуа, 2009 гъэм дунейпсо чемпионатым дыжьын медаль къыщызыхьа, 2013 гъэм Европэм и чемпионатым и дыщэ медалыр зыIэрызыгъэхьа, Прохладнэ щыщ пщащэм лъагэу дэлъеин спорт лIэужьыгъуэм дихьэххэр куэдкIэ щогугъ.

2015 гъэр Марие къызэIуихащ Губернаторым и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэу Волгоград щызэхэтам дыщэ медаль къызэрыщихьамрэ «Урыс щIымахуэ» дунейпсо зэпеуэу Мэзкуу щекIуэкIам етIуанэ увыпIэ зэрыщиубыдамкIэ. КъыкIэлъыкIуэу, метр 1,98-рэ къызэринэкIри, Кучинэр Европэм и чемпионкэ хъуащ.

Метри 2-рэ 1 сантиметркIэ дэлъея Кучинэ Марие дыщэ медалыр къыщихьащ шыщхьэуIум Пекин щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым. И щхьэзакъуэ рекордым къытригъэзэжри, Марие щытекIуащ Бриллиант лигэм и Iыхьэхэм (Монакэ, Брюссель). 2015 гъэр ди спортсменкэм зэхуищIыжащ IэщэкIэ ЗэщIэуээда Къарухэм я дунейпсо джэгухэу Кореем щекIуэкIам дыщэ медалыр къыщихьри.

Къыхэгъэщыпхъэщи, Кучинэ Марие илъэс етIуанэ хъуауэ зэкIэлъыкIуэу къэралым и спортсмен нэхъыфIу къалъытэ.

«Мэзкуу щызэхэтащ ЦСКА-м и спортсмен нэхъыфIхэр щагъэпэжа зэIущIэ. Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам папщIэ дуней псом тIэунейрэ и чемпионкэ, Европэм атлетикэ псынщIэмкIэ и чемпионкэ, лейтенант Кучинэ Марие «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и II нагъыщэр къыхуагъэфэщащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменкэ цIэрыIуэм къэралым и спорт гъащIэм хуэфащэ увыпIэр щиIыгъщ. АдэкIи ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэну ди гуапэщ», - щыжиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий instagram-м щиIэ и напэкIуэцIым.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# КъБКъУ-м саугъэт нэхъыщхьэр къехь

• Волейбол

**Дагъыстэн къэрал университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм волейболымкIэ и кубокыр къэхьыным теухуауэ цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ я зэхьэзэхуэ зэIуха.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щIыхьыр абы щахъумащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м и студентхэр зыхэта командэм. КъищынэмыщIауэ, кубокым щIэбэнащ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я гуп къыхэхахэр: Осетие Ищхъэрэ - Алание, Дагъыстэн, Адыгей къэрал университетхэр.

Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр иджы еплIанэу ирагъэкIуэкI. Илъэс къэс спортсменхэм я Iэзагъым хохъуэ, зэпеуэхэм я къызэгъэпэщыкIэр йофIакIуэ. Ди гуапэ зэрыхъуащи, КъБКъУ-м и волейболист цIыхубзхэм мы гъэм етIуанэу кубок нэхъыщхьэр зыIэрагъэхьащ. Ахэр егъасэ а командэ къыхэхам щыджэгу, физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ факультетым и кафедрэм и доцент Коноплёвэ Аннэ. ИрагъэкIуэкIа зэIущIэхэм зыми къыщыхамыгъэщIа ди хъыджэбзхэм иджыри зэ ягъэпэжащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм абыхэм нэхърэ нэхъ лъэщ зэрыщымыIэр.

Зэхьэзэхуэм къыщагъэлъэгъуа зэфIэкIхэм япкъ иткIэ, къызэгъэпэщакIуэ комитетым КИФЩI-м и командэ къыхэхам хигъэхьащ «Физическэ щэнхабзэ» унэтIыныгъэм и етIуанэ курсым щеджэ, гъуащхьэхъумэ нэхъыфI Беридзе Аннэ.

**ТЕМЫР Дисанэ.**



# Астемыр и фэеплъ зэхьэзэхуэ

**Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Кыщпэк къуажэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Урысбий Астемыр и фэеплъу къызэрагъэпэща, щIыпIэ школым и еджакIуэхэм футболымкIэ я зэхьэзэхуэ.**

БАЛИГЪЫПIЭ имыувэу илъэс зыбжанэ ипэкIэ дунейм ехыжа щIалэ цIыкIур ягу къагъэкIыжыну зэIущIэм къекIуэлIащ къуажэдэсхэм къищынэмыщIауэ, ди республикэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIахэри.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм грамотэхэр, медалхэр, кубокхэр, саугъэтхэр иратащ. Зэпеуэм щынэхъыфIа футболистым, гъуащхьауэм, гъуащхьэхъумэм, гъуащхьэтетым кубок щхьэхуэхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ хуагъэфэщащ.

Фэеплъ махуэм ирихьэлIэу Астемыр и лъэпкъым къыбгъэдэкIыу къуажэ щIалэгъуалэм тыгъэ хуащIащ «Тёма» зыфIаща, футбол, волейбол, баскетбол, стIолыщхьэ теннис ущыджэгу хъуну нэгузегъэужь IуэхущIапIэр. КъищынэмыщIауэ, гукъыдэж зиIэхэм абы къедзылIа жыг хадэм зыщагъэпсэху хъунущ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

• СтIолыщхьэ теннис

# ЗэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэ

**Налшык дэт курыт еджапIэ №26-м щIалэгъуалэм я дунейпсо абхъаз-адыгэ зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ иджыблагъэ щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм стIолыщхьэ теннисымкIэ я дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ спортсмени 100-м щIигъу.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР ди республикэм етIуанэу щокIуэкI. Мы гъэм ар хухэхащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщахьрэ илъэс 71-рэ зэрырикъум икIи хуэунэтIащ ветеранхэм защIэгъэкъуэным.

СтIолыщхьэ теннисымкIэ зэхьэзэхуэм къыдэкIуэу курыт еджапIэм щекIуэкIащ «ЩIалэгъуалэр иджырей дунейм: гукъеуэхэр, шынагъуэхэр, гу зылъытапхъэхэр» зи фIэщыгъэ дунейпсо конференц.

Иджырей зэхьэзэхуэм и къалэн нэхъыщхьэу щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым стIолыщхьэ теннисым зыщегъэужьыныр, абы нэхъыбэ дегъэхьэхыныр, гъащIэ узыншэм къыхуеджэныр, зэкъуэш лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэр щIэгъэбыдэныр.

**ЖЫЛЭ Iэдисэ.**

• Шахматхэр



# Спортым и мастер адыгэ щIалэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм щхьэзакъуэ зэпеуэхэм зэфIэкI хъарзынэхэр къыщагъэлъагъуэ. АбыхэмкIэ дэ диIэщ Европэм, дуней псом, Олимп Джэгухэм я чемпионхэр. Ауэ щыIэщ ехъулIэныгъэ Iэта къыщыдмыгъэлъагъуэ спорт лIэужьыгъуэхэри. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм яхохьэ шахматхэр.**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и шахматистхэм спортым и мастерхэр иджыри къэс яхэтакъым, гроссмейстерхэм я гугъу умыщIыххи. Ауэ куэд дэкIакъым хъыбар гуапэ къызэрытIэрыхьэрэ - «ШахматхэмкIэ спортым и мастер» цIэр КъБР-м щыщым япэу къыфIащащ. Урысей Федерацэм спортымкIэ и министрым и унафэ №184-м ипкъ иткIэ ар къыхуагъэфэщащ Джэдгъэф Чэмал.

Ар 1960 гъэм Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Илъэситху ныбжьым иту шахмат джэгуным зезыгъэса щIалэ цIыкIур абы хуэIэижь хъуащ. А спорт лIэужьыгъуэмкIэ тренерхэр а щIыпIэм зэрыщымыIэм, зэхьэзэхуэхэр къызэрызэрамыгъэпэщым и зэранкIэ Чэмал и зэфIэкIым зыкъомрэ зыужьыныгъэ игъуэтакъым.

Курыт еджапIэр къиуха нэужь, ныбжьыщIэр щIэтIысхьащ КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и факультетым икIи 1983 гъэм ар къиухащ. Илъэс 23-кIэ Джэдгъэфым тхыдэмрэ географиемрэ щригъэджащ япэщIыкIэ Зеикъуэ дэт школ №1-м, къыкIэлъыкIуэу школ №4-м. Лэжьыгъэм щхьэкIэ шахматхэри IэщIыб ищIакъым - республикэ зэхьэзэхуэхэми зыкъыщигъэлъагъуэрт, и Iэзагъым щыхигъэхъуэн урысейпсо зэпеуэхэм закъуэтIакъуэрэ хэтащ. 1987 гъэм спортым и мастерым и кандидат хъуащ, а гъэ дыдэми шахмат псынщIэмкIэ КъБР-м пашэ щыхъуащ.

Япэ ехъулIэныгъэшхуэр Чэмал щызыIэригъэхьар 1989 гъэрщ. Абы япэ увыпIэр къыщихьащ Налшык щекIуэкIа союзпсо зэхьэзэхуэм. Ди республикэм къищынэмыщIауэ, зэпеуэм хэтащ Кавказ Ищхъэрэм, Мэзкуу, Уралым, Сыбырым къикIа шахматист лъэщ дыдэхэр. Зеикъуэдэсыр зыбжанэрэ республикэ чемпионатхэм къыщыхэжаныкIащ, 2006 гъэм Налшык къалэм, 2010 гъэм КъБР-м я чемпион хъуащ.

2013 гъэм япэу Джэдгъэфыр хэтащ зи узыншагъэм ныкъусаныгъэ иIэхэм шахматхэмкIэ я урысейпсо чемпионатым. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым етIуанэ увыпIэр абы къыщихьащ, 2015 гъэм Урысейм и чемпион хъуащ. КъищынэмыщIауэ, Джэдгъэф Чэмал хэтащ Братиславэрэ (Словакие) Дрезденрэ (Германие) щекIуэкIа дунейпсо чемпионатхэм. Иужьым жэз медалыр къыщихьащ.

Илъэс тIощIрэ тхум щIигъуауэ Джэдгъэфым школакIуэхэр шахматхэм хуегъасэ. ЯпэщIыкIэ ахэр гупжьей цIыкIуурэ зэхуэсу щытамэ, иужькIэ гукъыдэж зиIэ школакIуэ псори шахмат джэгукIэм щыхуагъасэ факультатив дерсхэм хуэкIуащ. А зэманым къриубыдэу ныбжьыщIэ куэд дихьэхащ а пасэрей джэгукIэм. Языныкъуэхэм ехъулIэныгъэфIхэри зыIэрагъэхьащ. Апхуэдэщ КъБР-м и чемпион зыбжанэрэ хъуахэу Мэздэгу Азэмэт, Хэжае Резиуан, Щомахуэ Резиуан сымэ. Къыхэгъэщыпхъэщ Щомахуэр балигъхэм я деж Налшык и чемпион тIэунейрэ зэрыщыхъуар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым спортым зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIам папщIэ 2012 гъэм КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ Чэмал.

Спортым и мастер Джэдгъэф Чэмал иужьрей илъэсихым республикэм шахматхэмкIэ и ДЮСШ-м и унафэщIым и къуэдзэщ.

**ДЖЭДГЪЭФ Аслъэмырзэ.**

*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур накъыгъэм и 21-рщ.*

# Бахъсэн аузым щокIуэкI

• Альпинизм



**Урысей Федерацэм АльпинизмэмкIэ и кубокыр къэхьыным ехьэлIа зэпеуэм и зи чэзу Iыхьэр Тырныауз къалэм щекIуэкIащ. Абы щызэхьэзэхуащ Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм я альпинист нэхъ лъэщхэр. Зэпеуэр къызэрагъэпэщащ икIи ирагъэкIуэкIащ УФ-м АльпинизмэмкIэ и федерацэм, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм, Iуащхьэмахуэ куейм и администрацэмрэ физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и комитетымрэ.**

МЫ ГЪЭМ къырым дэкIынымкIэ зэпеуащ Ставрополь крайм, Ростов, Челябинск областхэм, Севастополь къалэм къикIа альпинист 50-м щIигъу. Спортсменхэр бгым дэкIащ нэхъапэIуэкIэ яубзыхуа лъагъуэм тету, нэхъ гугъухукIэ очко бжыгъэ нэхъыбэ кърату.

ЦIыхухъухэм я деж текIуэныгъэ къыщахьащ зэгъусэу къырым дэкIа, Ставрополь крайм щыщ Бойкэ Евгенийрэ Мезин Даниилрэ. ЦIыхубзхэм я зэхьэзэхуэм щынэхъыфIащ челябинскдэсхэу Мавринская Агатэрэ Катерининэ Иринэрэ.

Къэралым и кубокыр къэхьыным и зи чэзуу Iыхьэм хэтахэми къызэгъэпэщакIуэхэми къызэрыхагъэщамкIэ, Iуащхьэмахуэ куейр мыпхуэдэ зэхьэзэхуэр щебгъэкIуэкIыну нэхъыфI щIыпIэхэм ящыщщ. Абы и щыхьэтщ совет лъэхъэнэхэм щегъэжьауэ Бахъсэн аузым ди къэралым и альпинистхэм зыщагъэхьэзыру зэрыщытыр.



**МЭЗКУУ Къанщобий.**

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Жыласэ Замир,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(5, 6, 7, 8-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 4.076 • Заказ №645